TIDAK DIPERDAGANGKAN UNTUK UMUM

SULUK SEH NGABDUL SALAM


11
R

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

TIDAK DIPERDAGANGKAN UNTUK UMUM

SULUK SEH NGABDUL SALAM

R.M. Wirakusuma


00005059

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
JAKARTA
1989

Perpustakaan Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

No. Klasifikasi	No. Induk : 838
899-2311 WLR S	Tgl : 2-11-1990
	Ttd :

PB 899.231 WIR S

Perpustakaan Nasional: Katalog Dalam Terbitan (KDT)

WIRAKUSUMA, R.M.

Suluk Seh Ngabdul Salam/R.M. Wirakusuma; penerjemah, Slamet Riyadi; penyunting, Djamari.– Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, 1990.

vi, 114 hlm.; 21 cm.

ISBN 979–459–062–2

1. Kesusastraan Jawa. I. Judul. II. Riyadi, Slamet. III. Djamari.

8x2.2

PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA INDONESIA DAN DAERAH
TAHUN 1989/1990
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
PUSAT PEMBINAAN DAN PENGEMBANGAN BAHASA

Pemimpin Proyek : Nafron Hasjim
Bendahara Proyek : Suwanda
Sekretaris Proyek : Lukman Hakim
Staf Proyek : E. Bachtiar
Sujatmo
Ciptodigiarto

Hak Cipta dilindungi undang-undang

Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya, dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis dari penerbit, kecuali dalam hal pengutipan untuk keperluan penulisan artikel atau karangan ilmiah.

PENGANTAR
KEPALA PUSAT PEMBINAAN DAN PENGEMBANGAN BAHASA

Kebudayaan nasional kita tidak dapat terlepas dari kesusastraan, sebagai mahkota pemakaian bahasa, termasuk sastra (lisan) daerah dan sastra lama Indonesianya. Di satu pihak, sastra lisan berbahasa daerah atau naskah sastra Indonesia lama itu merupakan manifestasi kehidupan bangsa kita pada masa lalu, di pihak lain karya itu merupakan peninggalan budaya yang sangat tinggi nilainya. Sehubungan dengan itu. dan sejalan dengan tujuan Proyek Penerbitan Buku Sastra Indonesia dan Daerah, dilakukan upaya pemilihan, pengalihaksaraan, dan penerjemahan sastra (lisan) berbahasa daerah atau naskah lama itu.

Secara singkat. upaya itu dapat disebut sebagai usaha pelestarian nilai budaya lama yang tinggi mutunya. Namun, pada hakikatnya, kegiatan ini bertujuan memperkaya khazanah sastra dan budaya Indonesia. sekaligus pula memberikan sarana peluasan wawasan sastra dan budaya masyarakat luas di luar masyarakat bahasa tempat sastra tertentu itu berasal. Secara tidak langsung, kegiatan ini bertujuan pula menjadikan karya yang selama ini "tersimpan" di dalam lingkup kedaerahan itu dapat menjadi pemicu pertumbuhan sikap dan wawasan sastra pembacanya ke arah kesetimbangan di dalam menghadapi kemajuan ilmu dan perkembangan teknologi masa kini.

Buku yang berjudul *Suluk Seh Ngabdul Salam* ini semula berupa cerita naskah yang berbahasa Jawa di daerah: Jawa Tengah. Pengalihaksaraan dan penerjemahan dilakukan oleh Slamet Riyadi, penyuntingan terjemahan oleh Djamari, dan pengolahan teknisnya oleh Djamari.

Mudah-mudahan terbitan ini bermanfaat bagi pembinaan dan pengembangan sastra di Indonesia.

Jakarta, Desember 1989 Lukman Ali

PRAKATA

Suluk Seh Ngabdul Salam adalah salah satu jenis kepustakaan Islam Kejawen yang berisi ajaran tasawuf. Naskahnya berhuruf Jawa tulis tangan, tersimpan di Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta. Naskah itu berukuran 20 cm dan 16,50 cm dengan tebal 113 halaman.

Suluk Seh Ngabdul Salam ditulis oleh Raden Mas Wirakusuma. Nama itu berwujud *sandi asma,* termuat dalam bait 1, pupuh I *(Asmaradana)* sebagai berikut.

Ra*saning ngèlmu winardi,*
dèn*sawung sekar macapat,*
mas*tawaa sarahsané,*
wi*dadaning kasampurnan,*
ra*racikaning rasa,*
ku*linakna kang satuhu,*
suma*wana pralebdakna*

Isi suluk itu mengetengahkan wejangan Seh Ngabdul Salam kepada murid-muridnya yang menyangkut masalah ilmu kesempurnaan. Agaknya, suluk itu belum banyak dibaca orang. Sehubungan dengan itu, dalam rangka penyebarluasan informasi kesastraan Jawa, suluk tersebut diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia. Penerjemahan ini dilakukan setelah penyelesaian transliterasinya pada tahun 1985. Teknik penerjemahannya dilakukan dengan memperhatikan bentuk dan sifat kepuitisannya. Namun, ternyata teknik semacam ini memerlukan ketelitian dan kejelian sehingga wajar apabila hasil penerjemahan ini masih banyak kekurangantepatannya. Berkenaan dengan hal itu, para pembaca diharapkan ikut menyempurnakannya.

Akhir kata, semoga terjemahan ini bermanfaat bagi kita.

Jakarta, Desember 1989

PURWAKA

Suluk Sèh Ngabdul Salam kalebet salah satunggaling serat suluk ingkang nggelaraken piwulang kasampurnan. Naskah aslinipun seratan tangan kanthi ukuran 20 cm saha 16,50 cm, kandelipun 113 kaca. Naskah menika sumimpen ing perpustakaan Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta.

Suluk Sèh Ngabdul Salam menika karipta dening Radèn Mas Wirakusuma kados ingkang kapacak ing pada 1, pupuh I (Asmaradana), awujud sandi asma.

Rasaning ngèlmu winardi,
dènsawung sekar macapat,
mastawaa sarahsané,
widadaning kasampurnan,
raracikaning rasa,
kulinakna kang satuhu,
sumawana pralebdakna.

Isining suluk menika nggelaraken wejanganipun Sèh Ngabdul Salam dhateng para muridipun. Wejanganipun magepokan kaliyan piwulang agami Islam saha jumbuhing kawula lan Gusti, sambung rapetipun-seni jogèd, seni karawitan, seni pedhalangan kaliyan agami Islam, saha werdinipun ringgit. Wejangan menika sinawung ing tembang, dumados saking 23 pupuh.

Suluk Sèh Ngabdul Salam menika kados taksih langka sanget ingkang sami maos, pramila lajeng dipuntransliterasi kanthi pangajab sageda murakabi ing samudayanipun. Sokur bagé kanthi transliterasi menika saged narik kawigatosanipun para sutresna sastra Jawi.

Ing wasana, mugi transliterasi menika saged njurung tumrap pangulahkridhaning sastra Jawi.

Jakarta, Desember 1989

SULUK SEH NGABDUL SALAM

I. Asmaradana

1. Hakikat ilmu yang diketengahkan (ini),
digubah dalam tembang macapat,
agar dijadikan pegangan maknanya,
demi kelestarian ilmu kesempurnaan (ilmu sejati),
untuk diamalkan dengan sungguh-sungguh
dan untuk selalu ditingkatkan.

1. (1) Rasaning ngèlmu winardi,
dènsawung sekar macapat,
mastawaa sarahsané,
widadaning kasampurnan,
raracikaning rasa,
kulinakna[1] *) kang satuhu,*
sumawana pralebdakna.

2. Aku mulai dengan memuji,
mengagungkan asma Allah,
Yang Maha Pemurah di alam semesta,
Yang Maha Pengasih di alam akhirat,
yang dipuji tiada hentinya,
menganugerahi mereka yang dikasihi
dan seluruh umat manusia.

2. Ulun miwiti amuji,
ngluhurken asmaning Allah,
kang murah ing dunya kabèh,
ingkang asih ing akérat,
kang pinuji tan pegat,
angganjar kang kawlas ayun,
mring sakèhing kawulanya.

3. Kedua, aku memuji
kepada Kanjeng Nabi Muhammad Salallahu Alaihi Wasalam,
yang mengajarkan agama;
sebagai nabi penuh rahmat,
pemimpin semua rasul,
kekasih Tuhan Yang Maha Esa.

3. Ping kalih ulun memuji,
mring Kanjeng Nabi Muhammad,
Salalahu Wasalamé,
kang marèntah ing sarèngat,
tur nabi sinung rahmat,
pangulu sakabèh rusul,
kekasihira Hyang Suksma.

disebut *mutakalimun wahid,*
yang keenam, kaf (ك) *kabirah,*
ketujuh, ba (ب) *rububiah,*
ra (ر) *rafiul* setingkat *kun,*
seluruhnya genap delapan.

10. Yang kedua, yakni niat tadi,
mencakup tiga hal,
kasdu, tahrul, dan *tahyin,*
Kasdu berarti maksud hati,
tahrul berarti pernyataan
dengan ucapan atau lafal hu,
tahyin berarti perbuatan yang
tampak.

11. Yang disebut insan kamil.
Apabila engkau belum mengetahui
makna takbir itu tadi,
perbuatan salatmu tak berguna;
lebih baik engkau bermain saja,
sambil bersenandung *aninong-aninung.*
Adapun yang ketiga,

12. Yakni berdiri, asal dari api,
yang sebenarnya itu cahaya,
yang berada dalam jasatmu.
Oleh karena itu, kembalikanlah
kepada asal cahaya,
yakni insan kamil mulanya.
Keempat, membaca *Fatikah,*

13. Telah kuterangkan dahulu,
melengkapi dirimu.
Kelima adalah *rukuk;*
keenam, *tumakninah.*
Yang dimaksud *tumakninah,*
pada waktu engkau *rukuk,*
kembalikanlah ke asal angin.

14. *Rukuk* berasal dari angin,
yakni angin napas;

mutakalimun wakite,
kang kapin nem kab kabirah,
pitu be rububiyah,
re rapingul derajad kun,
sampun jangkep kurup astha.

10. Ping kalih niyat puniku,
mukharanahe tetiga,
kasdu tahrul lan takyine,
kasdu panedyaning manah,
takrul nyatakken ika,
aneng sajroning lapal hu,
takyin wus nyata katingal.

11. Kang jejuluk insan[2]) kamil,
yen sira durung uninga,
tebir kang mengkono kuwe,
sembahira tanpa karya,
angur ira dolana,
lawan aninong-aninung;
dene ingkang kaping tiga;

12. Angadeg asale geni,
sejatine iku cahya,
kang tumrap badanmu Ang-(4)ger,
iku sira ulihena,
marang sangkaning cahya,
insan kamil purwanipun;
kaping pat maca patekah.

13. Wus suntuturken rumiyin,
amepaki kang sarira,
rukuk kang kaping limane,
kang kaping nem tumaninah,
mulane tumaninah,
sajrone sira arukuk,
ulihna sangkaning barat.

14. Arukuk asale angin,
sejatine angin napas,

4. Selesailah ucapan puji,
Ada seorang pendeta,
Seh Ngabdul Salam namanya,
bertapa di sebuah padepokan
lamanya tak terbilang,
diterima oleh Hiang Mahaagung,
dikabulkan segala permohonannya.

5. Ketika dihadap muridnya,
Raden Sasrawidagda,
Sang Pertapa lembut sapanya,
"Anakku, majulah ke depan."
Murid itu maju bersujud
seraya berkata, "Sang Begawan,
hamba mohon diwejang.

6. Hamba ingin mengetahui
cara orang mengerjakan salat,
hakikat dan makrifat,
syariat dan tarikat,
yang termuat dalam salat;
hamba mohon petunjuk."
Sang Begawan mesra jawabnya,

7. "Pertama, yakni takbir,
ucapan fardu salat,
ada delapan belas banyaknya.
Kedua, disebut niat.
Adapun *takbiratul-ikhram* itu
terdiri atas delapan huruf,
yaitu lafal Allahu akbar (اللهُ اكبر).

8. Yang pertama, huruf alif (ا),
alif *kamil* namanya,
lam (ل) awal yang kedua,
berkedudukan sebagai *ahadiat*,
lam (ل) akhir yang ketiga,
berkedudukan sebagai *wahdat*,
huruf ha (ﻫ) yang keempat,

9. *Wahidiat* namanya,
alif (ا) yang kelima

4. *Sigeg gupitaning puji,*
(2) wonten sajuga pandhita,
Sèh Ngabdul Salam wastané,
mratapa nèng jroning pura,
lamine tan winarna,
tinarima ing Hyang Agung,
kinabul sasedyanira.

5. *Nuju sinéba ing siwi,*
Rahadèn Sasrawidagda,
Sang tapa lon andikané,
"Kulup dènkapareng ngarsa."
Radèn majeng wot sekar,
sarwi umatur, "Pukulun,
mugi paringa piwejang.

6. *Kawula nuwun udani,*
pratingkahé tyang asalat,
kakékat lan makripaté,
sarèngat lawan tarékat,
kang kawengku ing salat,
kawula nuwun pituduh."
Sang tapa alon ngandika,

7. *"Ingkang dhingin iku tebir,*
wicara perluné salat,
mangka wolulas kathahé,
kaping kalih aran niyat,
kawengku jroning ékhram,
iku kurupé wewolu,
kang lapal allahu akbar.

8. *Kang dhingin aksara alip,*
alip kamil aran (3) ira,
lam awal kaping kalihé,
mertabaté akadiyat,
lam akir kaping tiga,
mertabat wahdat dumunung,
sastra éhé ping sakawan.

9. *Wakidiyat kang wewangi,*
alip kang kaping limanya,

nyawa yang jiwanya tak bernapas,
maka kembalikanlah
kepada.asalnya,
yakni *ahadiat,* mula-mulanya.
Ketujuh, disebut *iktidal;*

anpas tan napas nupusé,
iku sira ulihena,
marang sangkaning napas,
akadiyat purwanipun,
kaping pitu ran iktidal.

15. Kedelapan, *tumakninah.*
Pada waktu engkau *beriktidal,*
lafalnya seperti takbir,
mengerjakannya dengan tertib *(tumakninah),*
memusatkan diri pada insan kamil.
Kesembilan ialah *sujud;*
Kesepuluh, *tumakninah.*

15. *Ping wolu tumaninati,*
sajroning sira iktidal,
kaya tebir ukarané,
marma nganggo tumaninah,
awasna kamil insan;
kaping sanga iku sujud;
ping sepuluh tumaninah.

16. Mengapa *tumakninah?*
Karena dalam bersujud mengembalikan air.
Kembalikanlah (air itu) ke asal mulanya,
yakni darahmu,
yang berasal dari *wahdat.*
Kesebelas kemudian duduk;
kedua belas, *tumakninah.*

16. *Mulané tumaninati,*
jro sujud ngulihken toya,
ulihna sangkan parané,
sejatiné getihira,
(5) purwané sangking wahdat;
ping sawelas nuli lungguh;
kaping rolas tumaninah.

17. Ketika engkau duduk.dalam salat jangan melupakan *tumakninah.*
Mengapa demikian?
Karena duduk berasal dari tanah,
jasatmu yang tampak,
yakni tanah yang suci,
kembalikanlah kepada *wahidiat.*

17. *Jroning salat sira linggih,*
aja lali tumaninah,
mulané kaya mengkono,
lungguh asalé bantala,
jisimira kang wadhag,
yèku bumi kang linuhung,
ulihna mring wakidiyat.

18. Tamatlah asal mayat.
Ketiga belas ialah duduk *tahiat;*
keempat belas, membaca *atahiat;*
bacaan itu dipersembahkan
kepada Tuhan Yang Mahamulia;
persembahan orang yang akan mati
menyebabkan *makdum sarpin* tak sehati.

18. *Wus telas asalé mayit,*
telulas lungguhé tahyat,
patbelas maca tahyaté,
atahiyatu reruba,
marang kang Maha mulya,
reruba wong arsa lampus,
makdun-sarpin dadi béka.

19. Oleh karena itu, ketahuilah Anakku,
bila engkau tidak menghayatinya selamanya,
selagi hidup maupun sesudah mati.
Adapun yang kelima belas,
membaca *salawat* bagi Nabi Muhammad.
Keenam belas ialah tertib *mualat.*

19. *Marma kawruhana kaki,*
yèn sira nora uninga,
dadi béka salawasé,
urip miwah yèn pralaya;
dé kang kaping limalas,
salawat mring Kanjeng Rasul;
nembelas tartip mualat.

20. Yang dimaksud dengan tertib ialah urutan secara teratur dalam alam maut;
alam kandungan dalam kaabah,
berlaga dalam.samudra kemuliaan,
sri baginda,
turun naik bukit.
Ketujuh belas, mengucapkan salam.

20. *Tegesé kang aran tartip,*
urut-urut yèn pralaya,
sulbi (6) mring kakbah kausé,
campuh nèng sagara mulya,
tedhak sri naranata,
mudhun jurang munggah gunung;
ping pitulas awèh salam.

21. Adapun yang diberi ucapan salam ialah sahabatnya
yang berada di samping kanan dan kirinya
agar mereka tidak bertingkah
di dunia dan di akhirat.
Jika telah tahu, maka harus mengenalnya,
bagai madu dengan nira.

21. *Ana déné kang dènwèhi,*
salam iku kadangira,
kang munggèng kanan-kéringé,
supayané aja béka,
ing dunya myang akérat,
yèn wus weruh dipunwanuh,
anglir madu juruh ika.

II. Dhandhanggula

1. Demikian penjelasannya; camkanlah, Anakku.
Orang bersembahyang itu pada hakikatnya
menyembahyangkan jisimnya sendiri.
Oleh karena itu, engkau harus menghayatinya."

1. *Iya iku rasakena kaki,*
wong sembahyang mau sejatinya,
nyalatké mayité dhéwé,
lah poma dipun-weruh."
Ingkang putra nuwun[3]*) ngabekti,*
wonten malih kang putra,
langkung wignyanipun,
ingkang wisma Garbaretna,

Muridnya mengucapkan terima
kasih seraya bersujud.
Ada lagi seorang murid,
yang lebih pandai,
berasal dari Garbaretna,
Ia lebih cerdik, cakap, cerdas, tangkas, dan terampil,
cahayanya bagaikan bulan.

2. Murid itu diberi nama
oleh gurunya, Kiai Ngabdul Salam,
Raden Suryasumitra.
Pada pukul tujuh malam
Raden Suryasumitra merasa gelisah.
Ia segera pergi ke padepokan.
Tak lama ia telah tiba,
lalu menghadap gurunya.
Ia bersujud disambut sang Pertapa
dengan ucapan mesra,
"Anakku, duduklah.

3. Mengapa engkau datang tengah
malam
berbeda dengan kebiasaannya?"
Raden Suryasumitra menjawab
dengan rendah,
"Rama, hamba ingin menyampaikan sesuatu.
Kemarin siang hamba pergi ke
masjid;
di situ ada seorang lelaki
amat pandai.
Hamba selalu disodori pertanyaan
bermacam-macam sehingga hati
hamba merasa gelisah.
Begini pertanyaannya.

4. Ada tanah terpendam dalam tanah,
ada air terendam dalam air,

langkung wasis wignya limpat tatag trampil.
kang cahya lir sasongka.

2. *Sira Ra(7) dèn pan sinung kekasih,*
marang rama Kyai Ngabdul.Salam,
Suryasumitra Rahadèn,
tabuh pitu duk dalu,
Radèn Surya nggarjiteng galih,
sowan mring pacrabakan,
tan antara rawuh,
majeng umarak ing rama,
manggenjali Sang Tapa ngandika aris,
"Radèn sira lenggaha;

3. *Paran karsa prapta wayah wengi,*
dénĕ bĕda lawan saban-saban."
Rahadèn alon aturé,
"Rama kawula matur,
wingi siyang kula mring masjid,
wonten janma sajuga,
langkung wignyanipun,
kawula tansah sinual,
kathah-kathah saklangkung kewran tyas patik,
makaten panyualnya.

4. *Wonten siti pinendhem jro bumi,*
lawan banyu dènkum jroning toya,

ada matahari terjemur (dalam teriknya),
ada api terbakar (dalam nyalanya),
ada janda muda belum pernah bersuami,
ada perawan telah bersuami,
ada telur dapat berkokok,
ada jejaka (telah) beristri empat,
ada orang makan setiap hari selalu lapar,
sebaliknya, ada orang yang makan

kalawan srengéngé denpé,
miwah geni tinunu,
myang walanjar dèrèng akrami,
prawan adarbé priya,
tigan saged (8) kluruk,
jejaka rabiné papat,
myang wong mangan saben dina tansah ngelih,
lawan mangan sapisan;

5. sekali saja kenyang selamanya;
ada orang cebol mengungguli tinggi gunung,
Bok Limaran, tenunannya kain *gringsing,*
sekali tekan telah berwujud kain,
dan tekanan kedua telah memotongnya;
ada orang lumpuh,
kabarnya berkeliling dunia;
ada lampu menyala tanpa sumbu;
dan
ada daun hijau tanpa pohon.

5. *Mung sapisan waregé salami,*
lan wong cébol angungkuli arga,
Bok Limaran tenunané,
gringsing wayang puniku,
sentèg pisan sampun nguwisi,
sentèg pindho anigas,
kalawan si Lumpuh,
kabaré ngideri jagad,
damar murub tanpa sumbu lawan malih,
ron ijo tanpa wreksa.

6. Ada orang mencari air berpikulan air;
ada orang mencari api padahal ia sedang menyalakan api;
ada katak menyelimuti liangnya;
ada kerangka merasuk ke dalam keris;
ada perahu bermuatan samudra;
ada kuda berlari kencang dalam kandang;
dan ada lagi
bekas telapak kaki bangau yang terbang;

6. *Wong angangsu pepikulan warih,*
amèk geni reké adedamar,
kodhok angemuli lèngé,
wrangka manjing ing dhuwung,
myang baita ngemot jeladri,
kuda ngrap ing pandengan,
lawan malihipun,
tapaké kuntul anglayang,

ada anak sulung berkakak dan
anak bungsu beradik;
dan ada air mancur tanpa telaga.

kakang mbarep lawan adhiné wuragil,
pancuran tanpa tlaga.

7. Bagaimana, Rama, hamba mohon petunjuk,
mohon dijelaskan secara gamblang."
Seh Ngabdul Salam menjawab,
"Itu ibarat yang amat dalam artinya,
yang dibicarakan dalam *Kitab Sanusi.*
'Tanah terpendam dalam tanah',
ibarat jasatmu, Nak,
yang sesungguhnya dikendalikan oleh kehendak;
si empunya kehendak itu memiliki asal yang sama
sehingga tidak menimbulkan perbedaan.

7. *Kados pundi kula nuwun uning,*
kajarwakna wewijanganira."
(9) Sèh Ngabdul Salam wuwusé,
"Iku sasmita anung,
kang micara kitab Sanusi,
bumi pinendhem kisma,
jasatira kulup,
sayekti pinendhem karsa,
ingkang darbé karsa Purwanira sami,
yekti nora sulaya.

8. Adapun 'air terendam dalam air' itu ibarat hayatmu,
yang terkendali oleh sifat hidup.
Sifat hidup itu
tak berbeda, sama warnanya;
'api terbakar (dalam nyalanya)' ibarat wujudmu,
yang dikendalikan oleh wujud Sang Pencipta;
lebih membingungkan, 'matahari terjemur (dalam teriknya)',
yakni ibarat rasa hati manusia, sebagai kawula

8. *Déné banyu denkum jroning warih,*
sejatiné iku uripira,
kandhih ing sipat uripé,
sipat urip puniku,
tan sulaya warnanya sami,
geni tinunu ika,
rupanira Kulup,
kandhih rupaning wasésa,
luwih éwuh srengénge piné puniki,
ya rasaning kawula.

9. yang dikendalikan oleh rasa sejati;
seluruh rasa terkendali oleh zat panas.
'Telur dapat berkokok', maksud-

9. *Yekti kandhih ing rasa sejati,*
barang rasa kandhih ing pepanas;
tigan kaluruk tegesé,
yèn sira nora muwus,

nya ialah
bila engkau tidak berterus terang,
gemparlah pergolakan dalam hati.
'Janda muda belum pernah bersuami'
ibarat orang yang menguasai ilmu pengetahuan,
telah menguasai isi berbagai macam buku,
tetapi belum mengenal ilmu sejati,
(baik tingkat) permulaan, menengah, maupun akhir.

langkung ramé sajroning ati;
wlanjar dèrèng akrama,
wong kang alim kulup,
wus wruh kitab langkung kathah,
durung weruh marang sampurnaning ngèlmi,
(10) purwa madya wusana.

10. Yang dimaksud 'perawan telah bersuami' ialah
ibarat orang Jawa yang pandai,
tetapi tak dapat mengaji Alquran.
Ia telah menguasai segala ilmu,
terhadap ajaran ilmu sejati, ia menguasainya,
(baik tingkat) permulaan, menengah, maupun akhir
ia menguasai seluruhnya.
'Jejaka telah beristri empat';
kuberi tahu bahwa ungkapan itu
ibarat jiwa yang mulia, agung,
yang beristrikan empat,

10. Déné prawan tansah darbé laki,
tegesira wong Jawa kang wignya,
tan bisa ngaji kitabé,
nanging kawruhé putus,
mring sasmita kalangkung lantip,
purwa madya wusana,
wruh surasanipun,
jejaka rabiné papat,
sunjarwani sukma mulya adi luwih,
iku rabiné papat.

11. Yang bersifat pemula, abadi, kuasa, dan terpilih,
yang bergelar nafsu *mutmainah*,
zat Tuhan penyertanya.
Maksud 'makan
setiap hari selalu lapar' ialah
ibarat sembahyangmu,
(yang sia-sia) karena engkau belum mengetahui
syarat rukunnya.
Maksud 'makan sekali saja menge-

11. Purba langgeng wasésa myang selir,
kang jejuluk napsu mutmainah,
nyawa rabiné kanthiné,
tegesé mangan iku,
saben dina masih angelih,
iku sembahyangira,
yèn sira nora wruh,
marang wewengkoning salat,

nyangkan,
kenyang selama hidup' ialah

12. ibarat engkau telah dapat beribadah haji,
telah tampak dalam cahaya terang,
tentu kenyang selamanya.
'Si Cebol mengungguli tinggi gunung'
merupakan isyarat agar engkau berhenti, tidak meneruskan.
Maksud 'Bok Limaran,
menenun kain *gringsing,*
sekali tekan berwujud kain,
dua kali tekan telah memotongnya' ialah ibarat napasmu,
pertama masuk, kedua keluar.

13. Yang dimaksud 'si Lumpuh dapat berkeliling dunia',
yakni ibarat orang yang *ngraga sukma,*
rohnya dapat mengetahui seluruh isi dunia.
Maksud 'lampu menyala
tanpa sumbu' itu, Nak,
zat Tuhan yang tampak,
tanpa memerlukan sumbu.
'Daun hijau tanpa pohon' ialah
ibarat cahaya yang disebut Nur Muhammad,
bersemayam dalam jasatmu,

14. bersemayam dalam insan kamil.
Sebenarnya, pilihannya ialah
orang yang sudah tahu,
yang diperhatikan hanyalah amal yang nyata.
'Mencari air berpikulan air'
ibarat hayatmu.

makripate mangan sapisan maregi,
wareg salami gesang.

12. Sira yèn wis bisa salat kaji,
wus katingal jroning panca maya,
pasthi wareg salawase,
cébol ngungkuli gunung,
andhegana aja ginupit,
tegese Bok Limaran,
gringsing wayangipun,
sentèg pisan nulya wisan,
sentèg pin(11)-dho anigas napas sireki,
manjing pindhone medal.

13. Déne lumpuh angideri bumi,
iya iku patrape wong nukma,[4])
wruh wungkoning jagad kabèh,
tegese damar murub,
tanpa sumbu puniku kaki,
dat mutlak kang katingal,
endi sumbunipun,
taru ijo tanpa wreksa,
cahya ingkang aran Nur Muhamad yekti,
dumunung badanira.

14. Kekodhoke marang insan kamil,
sayektine pilih kang uninga,
kang kaétung mung nyatane,
ngangsu pikulan bayu,
sejatine uripirèki,
dadi osiking manah,
ing salaminipun,

Jadi, kegelisahan hati
selamanya
berada dalam diri Malaikat Mukarabin.
Dugaan bahwa Malaikat Mukarabin itu
di langit (tidak benar).

mungguh Malékat Mukarab,
pangrasané Malaékat Mukarabin,
kinira anèng wiyat.

15. Ia bersemayam dalam dirimu.
'Mencari api padahal ia sendiri sedang menyalakan api'.
Kuterangkan bahwa sebenarnya ungkapan itu ibarat
engkau yang selamanya
mencari ketetapan hati (iman) yang suci.
Yang dimaksud iman suci ialah
insan kamil, Nak.
Ia menetap dalam dirimu.
Adapun 'katak menyelimuti liangnya'
katak ibarat jasatmu,

15. *Sejatiné pan anèng sirèki,*
amèk geni rèké adedamar,
ingsun tuturi jatiné,
sira salaminipun,
angulati iman kang suci,
tegesé iman mulya,
insan kamil kulup,
pan wis tetep (12) anèng sira,
dené kodhok angemuli lèngngé kaki,
kodhoké jasatira.

16. liang ibarat Nabi Muhammad.
'Kerangka merasuk ke dalam keris'.
Kuterangkan bahwa sebenarnya ibarat itu melambangkan keadaan kelak yang sesungguhnya
bila ajal telah datang.
Kerangka adalah
lambang jasatmu,
keris merupakan isi jasat.
Bila engkau telah selesai menuntut ilmu,
tentu silih berganti cobaan pada dirimu.

16. *Elèngipun Mukhamad maliki,*
dené rangka kang manjing curiga,
ingsun tuturi jatiné,
benjang kanyatan tuhu,
lamun uwis prapta ing pati,
tegesé tembung rangka,
jasatira kulup,
kerisé isining raga,
yèn wis kamil nggonira mangulah ngèlmi,
pasthi salin dadaran.

17. Sedangkan 'perahu bermuatan samudra'

17. *Dené prau kang ngemot jeladri,*
baitané iku jasatira,

perahu merupakan lambang jasatmu;
insan kamil (pun) dilambangkan dengan perahu.
'Kuda berlari kencang
dalam kandang' maksudnya ialah bahwa
ungkapan itu lambang tiga nafsu anugerah dari Tuhan,
yang bersemayam dalam kalbu.
Sebagai kandangnya adalah insan kamil,
yakni asal-usul rasa.

insan kamil sagarane,
kuda ngrap tegesipun,
ing pandengan ingsun jarwani,
tegesé napsu tiga,
ing Pangéranipun,
anèng sajroning wardaya,
kang minangka pandengané insan kamil,
iku purwaning rasa.

18. 'Bekas telapak kaki bangau terbang',
adalah lambang mimpi,
tanpa arah, tanpa wadah,
tanpa wujud dan rupa yang jelas.
Carilah bekas telapak yang kosong,
itulah insan kamil,
yakni ayah yang sebenarnya.
'Anak sulung berkakak';
anak sulung ialah roh *rabani,*
yakni raja segala roh.

18. *Tapaké kuntul ngalayang kaki,*
iya iku anané supena,
tanpa arah tanpa nggone,
tan rupa warna tuhu,
ulatana tapaké sepi,
insan kamil punika,
bapakné satuhu,
kakangé mbarep punika,
pambarepé kang a-(13)ran nyawa rabani,
iku ratuning nyawa.

19. Sedangkan kakaknya ialah saat gaib,
yang dicamkan sewaktu membaca *Allahu-akbar;*
hal itu harus kauperhatikan.
'Anak bungsu beradik';
anak bungsu ialah roh *nabati,*
sedangkan adiknya ialah jasatmu.
Makna 'air mancur
tanpa telaga'
ialah bahwa telaga melambangkan hayat,
yang memerlukan penguasa tunggal.

19. *Kakangané yekti neptu gaib,*
kang pinandeng jroning lapal akbar,
iku awasena Radèn,
wuragil adhinipun,
wuragilé nyawa nabati,
adhiné jisimira,
tegesipun pancur,
ingkang datanpa telaga,
uripira telagané iku kaki,
kudu nganggo Sri Nata.

III. Sinom

1. 'Bekas telapak kaki bangau terbang'
juga bermakna santri
yang mengaji ke Ponorogo,
mencari bekal kesempurnaan setelah ajal.
Jika ada orang membicarakan
ilmu gaib yang amat tinggi,
mereka tak mau mendengarkannya,
karena menganggapnya ilmu sihir.
Demikianlah anggapan para ulama."

1. *Tapaké kuntul anglayang,*
iya uga iku santri,
kang ngaji mring Pranaraga,
murih sampurnaning pati,
yèn ana wong ngrasani,
ngèlmu rasa kang pinunjul,
teka tan arsa myarsa,
dinalih yèn ngèlmu singkir,
mangkonèku pikiré para ngulama."

2. Raden Suryasumitra
hatinya lega mendengarkannya;
ia telah menghayati seluruhnya,
lalu mohon diri dengan cepat.
Ada adik (seperguruan)-nya,
Purwakusuma namanya,
berasal dari Madyantara.
Diceritakan bahwa Raden Purwakusuma
gelisah karena awamnya terhadap isi *Kitab Masailah.*

2. *Rahadèn Suryasumitra,*
tyas nerawang anampani,
pan sampun krasuk sadaya,
nulya amit mundur aglis,
wonten arinémalih,
Purwakusuma jejuluk,
Prajané (14) Madyantara,
samana Rahadèn Pekik,
kewran ing tyas murate Kitab Sailah.

3. Pada pukul sepuluh (malam)
ia segera pergi
menghadap gurunya.
Tak diceritakan perjalanannya;
ketika sampai di padepokan,
Sang Begawan sedang duduk.
Ia segera menghadap.
Sang Begawan menyapanya dengan mesra,
"Anakku, segeralah ke mari."

3. *Ing wanci pukul sadasa,*
Rahadèn nulya lumaris,
umareg ngarsaning Rama,
datan kawarna ing margi,
pacrabakan wus prapti,
Sang Yogi panuju lungguh,
sigra mangabyantara,
Sang Tapa ngandika aris,
"Sutaningsun agé dènkaparèng ngarsa."

4. Raden Purwakusuma segera bersujud,

4. *Radèn nulya awot-sekar,*
matur ing rama sang Yogi,

seraya berkata kepada Sang Begawan,
"Rama, hamba pernah melihat
Kitab Masailah.
Yang termuat dalam tulisan
kitab itu ialah permasalahan
awal rukun Islam.
Hamba belum mengetahui maksud
dan tujuannya."
Gurunya menjawab dengan lembut,

"Rama kawula uninga,
Kitab Masailah ening,
ingkang kamot jro tulis,
kitab wau sualipun,
awit rukuné Islam,
kawula dèrèng udani,
kipayah myang perluné."
Kang rama alon ngandika.

5. "Adapun rukun Islam itu
lima jumlahnya.
Pertama, mengucapkan
dua kalimat syahadat,
yaitu syahadat tauhid
dan syahadat rasul.
Sedangkan yang kedua,
bersembahyang lima kali;
ketiga, berpuasa pada bulan Ramadan.

5. *"Déné pikukuhing Islam,*
lelima kathahirèki,
kang dhingin sira ngucapna,
klimah sahadat kekalih,
kang siji sahadat tokit,
kalawan sahadat rasul,
déné kapindhonira,
salat limang wektu kaki,
katelune puwasa wulan Rame-(15)
lan.

6. Adapun yang keempat,
memberikan zakat setiap tahun
manakala mempunyai harta.
Kelima, naik haji
apabila telah memiliki
uang satu laksa
dan mendapat panggilan Allah,
sebagai syarat naik haji.
Itulah tadi yang disebut rukun Islam.

6. *Déné kaping papatira,*
awèh jakat saben warsi,
iku lamun darbé arta,
ping limané munggah kaji,
yèn ta sira ndarbèni,
arta saleksa puniku,
myang ginanjar kuwasa,
seranané munggah kaji,
iku tetep dadi pikukuhing Islam.

7. Ada lagi yang disebut *kurmat (karomah).*
Makna *kurmat* itu ialah
melestarikan ilmu (dan ajaran)-nya,
serta mengagungkan Allah Yang

7. *Wondéné kang aran kurmat,*
tegesé kurmat puniki,
memulé ing ngèlmunira,
ping kalih marang Hyang Widi,
yèn rerasan kang ngèlmi,
ingkang becik enggonipun,

Mahakuasa.
Bilamana membicarakan ilmu itu seyogianya mengambil tempat yang baik.
Cara mengagungkan Allah
ialah dengan berzikir sepenuh hati dan segala perilaku jangan melupakan Sang Pencipta.

wong memule' Hyang Suksma,
aja pegat dhikir ati,
barang polah aja lali ingkang murba.

8. Ada lagi yang disebut *tilawat.*
Pelaksanaannya mengikuti jejak Nabi (Muhammad)
sesuai dengan ajaran agama.
Engkau jangan melanggarnya.
Jika engkau melanggarnya,
tentu rusak ajaran itu."
Raden Purwakusuma menyela sambil bersujud,
"Hamba mohon petunjuk lagi
tentang perbedaan iman dan Islam.

8. *Lawan maninge' tilawat,*
manut marang Kanjeng Nabi,
iku lakune' sarengat,
aja sira nyulayani,
yèn sira nyulayani,
yekti rusak ngèlmunipun."
Rahadèn matur nembah,
"Ulun nuwun tedah malih,
nuwun jarwa bedane' iman lan Islam.

9. Jika keduanya terpisah, bagaimana pemisahannya,
dan jika berbeda, bagaimana perbedaannya."
Seh Ngabdul Salam menjawab sambil tersenyum,
"Makna iman itu
ada dua macam.
Pertama, iman tarikat
dan kedua, iman makrifat.
Kuterangkan maknanya masing-masing.

9. *Yèn pisah pundi kang pisah,*
tuwin yèn bedaa ugi."
(16) Ngandika Sèh Nabdul Salam,
sarwi gumujeng aririh,
"Tegese' iman iki,
rong prakara kathahipun,
dhingin iman tarékat,
iman makripat ping kalih,
sunjarwani dununge' satunggal-tunggal.

10. Makna iman tarikat
yang bersemayam di Darusalam
ialah raja roh,
bergelar roh rabani,
yakni iman yang serba tahu,

10. *Tegese' iman tarékat,*
sajroning Darusalami,
yaiku ratuning nyawa,
jejuluk Nyawa Rabani,
yaiku iman tesdik,

mengikuti *takbiratul-ikram*, yang berkedudukan
di negeri Darusalam.
Engkau harus mengetahuinya.
Jika tidak tahu, engkau belum Islam.

11. Makna iman makrifat
yang bergelar insan kamil
bertahta di Bakdarolah.
Engkau harus memahaminya benar.
Mengapa harus mengetahui
kedua iman tadi?
Karena (keduanya) merupakan pedoman salat;
yang ditekankan dalam takbir
ialah kedudukan lafal *Allahu-akbar*.

12. Makna Islam
yang tersebut dalam *Kitab Juwahir*,
Al-Islamu
antaslimu nafsaka lillahi.
Kuterangkan maknanya.
Islam, yakni
dengan sepenuh hati menyerahkan jiwa dan raga
kepada Allah Yang Maha Pencipta dan Mahakuasa.

13. Serahkanlah segala persoalan (kepada-Nya);
jika mendengar dan melihat,
berbincang, diam, maupun bergumam,
bisikan hati terasa benar.
Pikirkanlah jika berbalik;
segala persoalan itu

amanut ékram kang lungguh,
ing nagri Darusalam,
iku kawruhana Kaki,
yèn tan wruha dadi sira durung Islam.

11. Tegesé iman makripat,
kang jejuluk Insan Kamil,
kang ngedaton Bakdarolah,
iku sira dènpatitis,
marma kudu ngawruhi,
iman rong prakara iku,
dadi kéblating salat,
kang pinandeng jroning tebir,
lungguhipun kang lapal allahu akbar.

12. Tegesé kang aran Islam,
wicara Kitab Juwahir,
Al-Islamu lapatira,
antaslimu napsaka lillahi,
maknané sun(17)jarwani,
utawi Islam puniku,
sayekti pasrahena,
jiwa raganira Kaki,
marang Allah kang amurba kang misésa.

13. Pasrahna polah lan tingkah,
yèn ngrungu tuwin ningali,
muni meneng lawan muna,
siking ati rasa yekti,
ngrasaa yèn kabalik,
barang polah tingkahipun
mokal yèn mengkonoa,

akan terasa janggal.
Akan tetapi, sebenarnya memang demikian.
Segala persoalan tentu selalu berkaitan, takkan merenggang."

nanging sejatine yekti,
tingkahira kekanthèn tan kena benggang."

IV. Kinanthi

1. Sang Pertapa berkata lagi,
"Hayatilah keteranganku tadi, Nak."
Purwakusuma berdatang sembah lalu mundur memohon diri.
Kemudian datang muridnya dari Parikanan
menghadap Sang Pertapa.

1. Sang Tapa malih amuwus,
"Iku rasakena kaki,"
Radèn nuwun awot sekar,
mundur sarwi nyuwun pamit,
putra sangking Parikanan,
marak mring Rama Sang Resi.

2. Seh Ngabdul Salam menyapa dengan lembut,
"Anakku, majulah!"
Muridnya maju lalu bersujud.
Sang Pertapa berkata lagi,
"Anakku, ada keperluan apa pagi-pagi datang ke mari?"

2. Sèh Ngabdul Salam ngling arum,
"Angger dènkapareng ngarsi,"
Rahadèn majeng wot sekar,
Sang Tapa ngandika malih,
"Kulup apa karsanira,
esuk-esuk prapta (18) mriki."

3. Muridnya bersujud lalu menjawab,
"Rama, hamba tadi malam,
ketika berputar-putar di desa
menjumpai salah seorang
yang amat pandai.
Hamba ditanyai,

3. Kang putra nembah umatur,
"Kula Rama wau ratri,
mider-mider mring padèsan,
wonten sujanma satunggil,
sakalangkung wignyanira,
kawula dipuntakèni.

4. begini pertanyaannya,
'benarkah sifat dua puluh itu
dan setelah berkumpul,
berada di dalam jasat?'"
Dengan lembut gurunya menjawab,
"Baiklah, kujelaskan kepadamu.

4. Makaten pitakènipun,
sipat ingkang kalih dèsi,
miwah kumpulé punika,
kacriyos dumunung ragi,"
Kang rama alon ngandika,
"Mengko sira suntuturi.

5. Yang disebut sifat dua puluh ialah
wujud, kidam, bakok,
mukhalafatul lilkhawadisi,
kiyamuhu binafsihi,
wahdaniah, kodrat,
iradat, ngilmun, hayat,

6. *samak, basor, kalam,*
kodiron, muridan,
ngaliman, hayan, samingan,
basiran, dan *mutakaliman.*
Telah genap dua puluh.
Kupersingkat saja, anakku.

7. *Wujud* menjadi badan,
kidam menjadi jasat dari daging,
mukhalafatul lilkhawadisi
menjadi otot,
kiyamuhi binafsihi menjadi
darah yang berwarna (merah),

8. *wahdaniah* menjadi tulang,
kodrat menjadi kehendak,
iradat menjadi niat yang nyata,
ngilmun menjadi pikiran (otak),
hayat menjadi akal (batin),
samak menjadi limpa,

9. *basar* menjadi paru-paru, *kalam*
menjadi jantung,
kodiron menjadi denyut jantung,
muridan menjadi ginjal,
ngaliman menjadi hati,
hayan menjadi darah putih,
samingan menjadi darah kuning,

10. *basiran* itu menjadi
darah berwarna hijau,
dan *mutakaliman*
menjadi lidah.
Sudah lengkap semua sifat,
seluruhnya berada dalam badan.

5. *De'sipat dwidasa iku,*
wujud kidam baka nenggih,
mukhalapah binabsihi,
wahdaniyat lawan kodrat,
iradat ilmu kayati.

6. *Samak basar kalam iku,*
kadiran lan muridani,
ngaliman kayan samingan,
basiran mutakalimin,
sampun jangkep kalih dasa,
suncendhakke'bae'kaki.

7. *Wujud dadi badan tuhu,*
kidam jisim saka daging,
mukhalafah kwadisika,
dadi ototira kaki,
binabsihi dadinira,
getih ingkang warni-warni.

8. *Wahdaniyat (19) dadi balung,*
kodrat budinira Kaki,
iradat karep kang nyata,
ngèlmu iku dadi pikir,
kayat ati sira punika,
samak limpanira nenggih.

9. *Basar pusuh kalam jantung,*
kadiran kaketeg neki,
muridan gaginjelira,
ngaliman atimu iki,
kayan getih putih ika,
samingan getih kang kuning.

10. *Basiran iku dumunung,*
getih ingkang ijo menggih,
mutakaliman punika,
dadi jlatira yekti,
wus kumpul sakèhing sipat,
kabèh dumunung ing dhiri.

11. Adapun sifat dua puluh itu
dapat dikelompokkan menjadi empat.
Pertama, sifat *nafsiah,*
kedua, sifat *salbiah,*
ketiga, sifat *mangani,*
dan keempat, sifat *maknawi.*

12. Kuterangkan rinciannya,
rinciannya satu per satu.
Sifat *nafsiah* itu
hanya memiliki (satu sifat, yakni) *wujud;*
sifat *salbiah* mencakup lima (sifat),
(yaitu) *kidam, bakok, mukhalafatul lilkhawadisi,*

13. keempat, *kiyamuhi binafsihi,*
kelima, *wahdaniah;*
sifat *mangani* mencakup tujuh (sifat),
(yaitu) *kodrat, iradat, ngilmun, hayat, samak, basor,* dan *kalam;*
seluruhnya telah genap tujuh.

14. Sifat *maknawi* mencakup tujuh (sifat),
(yaitu) *kodiron, muridan, ngaliman, hayan, samingan, basiran,* dan *mutakaliman.*
Sedangkan keempat sifat itu
dapat diringkas lagi menjadi dua,

15. yaitu *istigfar* dan *istigna.*
Kuterangkan (sesungguhnya)
makna *istigfar* itu
ialah yang menyembah dan yang memuji (yakni makhluk),
sedangkan makna *istigna*
ialah yang disembah dan yang dipuji (yakni Khalik).

11. *Dé sipat dwidasa iku,*
ngumpul dadi catur malih,
kang dhingin sipat nafsiyah,
sipat salbiyah ping kalih,
sipat mangani ping tiga,
kaping pat maknawiyahi.

12. *Sunjarwani pencaripun,*
dum-dumané siji-siji,
sipat napsiyah punika,
wujud ingkang andarbèni,
salbiyah duwé lelima,
kidam baka kawadisi.

13. *Kaping paté wal kiyamu,*
ping lima wahdaniyati,
mangani (20) pitu golongnya,
kodrat irodat lan ngèlmi,
kayat samak[5]*) basar kalam,*
iku wus jangkep kasapti.

14. *Maknawiyah duwé pitu,*
kadiran lan muridani,
ngaliman kayan samingan,
basiran mutakaliman,
ana déné sipat papat,
riningkes dadi kekalih.

15. *Iptikar lan istigèku,*
sejatiné sunjarwani,
tegesé tembung iptikar,
kang anembah kang amuji,
déné kang aran istigna,
kang sinembah kang pinuji.

16. Kedua sifat itu tadi
dapat diringkas menjadi satu
yang berada dalam *isim* zat
yakni menjadi lafal Allah (الله).
Engkau harus mengetahui
makna empat huruf (ه - ل - ل - ا)
itu.

16. *Mungguh sipat loro iku,*
riningkes dadi sawiji,
iya ana ing isim dat,
lapal Allah dadinèki,
iku sira kawruhana,
sekawan kurupé singgih.

17. Keempat huruf itu berada dalam
jasat (-mu).
Alif (ا) menjadi insan kamil,
lam (ل) awal menjadi *ahadiat,*
lam (ل) akhir menjadi *wahdat,*
dan *ha* (ه) menjadi *wahidiat.*
Ada lagi keterangan

17. *Papat dumunung sirèku,*
alip dadi insan kamil,
lam awalé akadiyat,
lam akir wahdat puniki,
éhé dadi wakidiyat,
ana manèh kang ginupit.

18. empat sifat tadi,
(yaitu) *jalal, jamal, kamal,*
dan keempat *kahar.*
Jalal menjadi huruf *alif* (ا),
jamal menjadi *lam* (ل) awal,
kamal menjadi *lam* (ل) akhir,

18. *Sipat sekawan puniku,*
jalal jamal kamal iki,
kaping paté sipat kahar,
jalal dadi aksara alip,
jamal (21) pan dadi lam awal,
kang kamal dadi lam akhir.

19. dan sifat *kahar*
menjadi huruf *ha* (ه).
Apabila engkau belum mengetahui
sifat itu tadi,
engkau belum mengetahui hakikat
hidupmu,
yang maknanya lebih menarik.

19. *Déné sipat kahar iku,*
kurup éhé dadinèki,
yèn sira nora weruha,
yèku kang mengkono iki,
durung weruh uripira,
surasané luwih manis.

V. Dhandhanggula

1. Oleh karena itu, anakku, hayatilah
makna sifat dua puluh tadi,
seluruhnya menyertai hidupmu."
Muridnya amat berterima kasih,
lalu minta diri kepada Sang Bega-
wan.
Ada (lagi) seorang murid

1. *Iku Kaki poma dènpratitis,*
surasané sipat kalih dasa,
dadi uripira kabèh."
Radyan kalangkung nuhun,
mundur sangking ngarsa Sang
Yogi,
wonten siswa satunggal,

yang amat cerdik,
berasal dari Ngadireja,
menghadap gurunya. Sang Pertapa menyambutnya dengan ramah,
"Anakku, duduklah!"

2. Muridnya segera duduk penuh hormat.
Kepada Sang Pertapa, Seh Ngabdul Salam;
dengan penuh hormat muridnya berkata,
"Rama, perkenankan hamba bertanya;
hamba mohon diterangkan makna ilmu
syariat, tarikat,
hakikat, dan makrifat,
serta perbedaannya satu per satu secara terinci." Sang Pertapa menjawab dengan ramah,
"Pertama, ilmu tarikat,

3. kuterangkan lebih dahulu.
Kitab Usul yang memuat
lafal ilmu tarikat,
'ya araba, ya rabbahu,
ma ara nafsahu fakatin'.
Siapa yang mengetahui tentang dirinya,
ia benar-benar tahu
terhadap Tuhan Yang Mahakuasa.
Pada mulanya berasal dari diri (-mu),
yang mencakup enam belas macam.

4. Pertama, yakni jenis jasat
yang berasal dari *ahadiat,*
ada delapan banyaknya,

langkung wasisipun,
ingkang wisma Ngadireja,
majeng marak Sang Tapa ngandika aris,
"Radèn sira lungguha."

2. *Marikèlu Radèn awotsari,*
ring Sang Wiku Kyai Ngabdul Salam,
angrerépa ing tembungé,
"Rama kawula matur,
tedahena rasaning ngèlmi,
sarengat lan tarékat,
(22) kakékat lan makrut,
bèntené satunggal-tunggal,
kang salesih" Sang Tapa ngandika aris,
"Dhingin ngèlmu tarékat.

3. *Sunjarwani carita rumiyin,*
Kitab Usul ingkang amicara,
tarékat iku lapalé,
ya ngarab ya rabahu,
maaran napsahu pakati,
sapa weruh ing awak,
temen-temen weruh,
marang Pangéran kang murba,
wiwitané sangking asalira Kaki,
kang nembelas prakara.

4. *Kang kariyin iku bangsa jisim,*
asalipun sangking akadiyat,
wewolu iku kathané,

yang dari ayah,
ada empat jumlahnya,
yaitu otot, tulang,
bulu, dan sungsum;
yang berasal dari ibu, yaitu kulit,
darah, daging, dan jeroan;
genap delapan macam.

5. Sedangkan yang berasal dari Tuhan
jumlahnya juga delapan,
yakni berasal dari *wahdat.*
Alam insan kamil itu
Sukma Murba kawannya,
yang menjelma menjadi pikiran yang nyata,
tempatnya di situ.
Ia memiliki satu anak buah
bernama nafsu *luamah,* dan kembali lagi ke asalnya,
yakni Sukma Murba.

6. Jika sebagai imam, ia Imam Hanafi;
ketika menghadap kaabatullah,
di sebelah utara Ngabet rumahnya
sehingga ia menghadap ke selatan;
hari Wage miliknya,
hitam warnanya;
jika sebagai dewa,
Batara Wisnu namanya;
apabila sebagai malaikat yang turun ke bumi
sewaktu diutus Tuhan,

7. bernama Malaikat Jibril.
Pada waktu berada di dalam istana,
Hiang Sukma Murba namanya.
Ia memiliki pintu gerbang
sewaktu keluar mengemban tugas.

sangking bapa karuhun,
pan sekawan cacahirèki,
ya otot balungira,
wulu lawan sungsum,
sangking biyung kulitira,
getih daging sakawan jeroannèki,
jangkep wolung prakara.

5. *Anadéné gegawané Widi,*
cacahira ya wolung prakara,
sangking wahdat ing asalé,
alam insan puniku,
Sukma (23) Murba kanthinirèki,
dadi pikir kang nyata,
lungguhira ngriku,
adarbé bala sajuga,
aran napsu luamah pinurwa malih,
kang aran Suksma Murba.

6. *Yèn imama ya Imam Kanapi,*
kala madhep marang kakbatollah,
loring Ngabèt ku wismané,
yekti madhep mangidul,
dina Wagé ingkang ndarbèni,
ireng suwarnanira,
yèn dewaa iku,
Bahtara Wisnu ranira,
apan dadi malaékat anèng bumi,
yèn ingutus Hyang Suksma.

7. *Aran Malaékat Jabarail,*
kala anèng sajroning kadhatyan,
Hyang Suksma Murba aranè,
pan darbé wiwara gung,
kala miyos angemban kapti,

Sesungguhnya yang dimaksud dengan pintu,
yakni kedua bibir.
Dari situ keluarnya.
Apabila engkau membicarakan hal-hal yang serba baik,
asalnya dari Tuhan.

jatiné ingkang lawang,
lathinira Kulup,
sangking riku wedalira,
lamun sira angucap kang sarwa becik,
sangkaning sangking Murba.

8. Apabila engkau berbicara yang serba jelek,
pembicaraan itu berasal dari abdinya
yang bernama *luamah*, Nak.
Adapun kesenangannya
(ialah) makan, beristri,
marah, dan mudah tersinggung.
Ia suka pula
memusuhi kebaikan.
Kesenangannya menimbulkan
amarah dan sakit hati,
yang menjadi-jadi dan berkembang.

8. *Lamun sira muwus ala Kaki,*
iya iku sangking baturira,
kang aran luamah (24) Anggèr,
nenggih karemanipun,
aluamah mangan lan rabi,
duka miwah runtikan,
pakaremanipun,
manggulang mring kabecikan,
mung sukané sasrengen sabaran runtik,
andadra ngambra-ambra.

9. Sedangkan yang kedua,
Sukma Langgeng namanya,
yang menjelma menjadi akal, Nak;
tempatnya di situ.
Jika sebagai imam, ia Imam Maliki,
tempat tinggalnya di sebelah barat kaabah.
Jika sebagai dewa,
(namanya) Batara Kamajaya.
Warna merah dan hari Pon miliknya.
Ketika mengemban tugas

9. *Anadéné ingkang kaping kalih,*
Suksma Langgeng iku aranira,
dadi akalira Anggèr,
alenggah anèng riku,
yèn imama Imam Maliki,
wisma sakulon kakbah,
yèn dewaa iku,
sang Bathara Kamajaya,
warna abang dina Poningkangndarbèni,
kala ngemban parentah.

10. bernama Malaikat Mikail.
Ia juga sebagai malaikat air,
mempunyai satu anak buah,
amarah namanya.

10. *Ajejuluk Malékat Mingkail,*
apan dadi malaékat toya,
darbé bala sajugané,
amarah wastanipun,

Ia juga mempunyai dua pintu,
yakni kedua telinga;
maknanya pendengaran,
dari situlah ia keluar.
Apabila engkau mendengar suara yang baik,.
Sukma Langgeng yang menerimanya;

11. sedangkan *amarah* tak mau menerimanya,
apabila mendengar suara yang baik.
Ia memilih yang jelek saja,
yang tak pantas dan sejenisnya.
Sesungguhnya yang ia sukai,
yakni kesukaan *amarah* itu,
tidak berterus terang, bohong, congkak,
memusuhi kebaikan,
suka berburuk sangka,
berusaha menggagalkan perbuatan (yang baik).

12. Ketiga, yang juga
berasal dari alam insan (kamil)
(ialah) Sukma Wasesa namanya,
(yakni) tabiatmu yang sesungguhnya.
Sukma Wasesa itu, Nak,
di situlah tinggalnya.
Jika sebagai imam,
Imam Hambali namanya;
hari Pahing dan warna kuning miliknya.
Ketika mengemban tugas

13. bernama Malaikat Isrofil.
Sewaktu berada dalam istana,
Sukma Wasesa sebutannya.

iya darbé lawang kekalih,
yèku talinganira,
tegesé pangrungu,
iya sing riku wedalnya,
lamun sira angrungu swara kang becik,
Suksma Langgeng kang tampa.

11. *Ki Amarah tan purun nampèni,*
yèn angrungu (25) marang kabecikan,
milih ingkang ala baé,
ingkang bangsa tan patut,
sayektiné kang dènremeni,
kareméKi Amarah,
ngumpet dora umuk,[6]*)*
nanggulang mring kabecikan,
rena marang cipta ala jroning ati,
mrih wurung mring lelakyan.

12. *Kaping telu kang winuwus malih,*
ingkang mijil sangking alam insan,
Suksma Wasésa arané,
budinira satuhu,
ingkang aran wasésa Kaki,
ing riku lungguhira,
yèn imama iku,
Imam Kambali ranira,
dina Paing jenar rupanira nènggih,
kala ngemban parèntah.

13. *Ajejuluk Malékat Ngisropil,*
kala anèng sajroning kadhadyan,
Suksma Wasésa arané,

Ia disebut juga malaikat angin,
memiliki dua pintu,
yakni dua mata.
Pintu itu
tempat keluarnya.
Apabila engkau melihat segala yang serba baik,
Sukma Wasesa yang menerimanya.

14. *Supiah* tentu tidak suka
apabila melihat kebaikan.
Ia memilih yang jelek saja.
Adapun kesenangan
Supiah itu ialah
segala keinginan (keserakahan),
dengki, iri,
dan mencegah hati yang ingat (akan kebaikan).
Ia pun kurang waspada.

15. Adapun yang keempat,
Sukma Luhur.yang menjadi imam.
Di situ istananya,
menjadi kekasih Tuhan,
bernama *rohullah,*
yakni raja roh,
sebagai patihnya pula;
ia diaku sebagai dzat rahsa,
yang diberi tugas mengatur semua prajurit kecil.
Oleh karena itu, ia disebut imam.

16. Jika sebagai dewa, Nak,
Mahadewa; Legi harinya,
putih ciri warnanya.
Apabila sedang bertugas,
berganti nama: Izroil.
Kelak pada hari kiamat
tugasnya mencabut

malékat angin putus,
apan darbé wiwara kalih,
yèku paningalira,
palawanganipun,
sangking riku wedalira,
lamun sira ningali kang sarwa becik,
Wasésa (26) ingkang tampa.

14. *Ki Supiyah yekti datan apti,*
yèn ningali marang kabecikan,
milih ingkang ala bae,
nènggih karemanipun,
Ki Supiyah ingsun jarwani,
sakèhing pepénginan,
panastèn puniku,
panas baran lakunira,
ambuntoni marang ati ingkang éling,
tuna mring kawaspadan.

15. *Dénè ingkang kaping caturnèki,*
Suksma Luhur iku dadi imam.
mapan kono kadhatoné,
kekasihing Hyang Agung,
ajejuluk Nyawa Rabani,
iku ratuning nyawa,
pepatih satuhu,
pan ingaken rahsaning dat,
kang misésa anata sakèh wadya lit,
mila ingaran imam.

16. *Yèn ingaran dewa iku Kaki,*
Mahadéwa Legi pasarannya,
aputih iku warnané,
yèn ta lagi ingutus,
ngalih aran Ngijroil singgih,
bénjang dina kiamat,
amundhuti gupuh,

seluruh nyawa dan roh
yang berada dalam hati, jiwa, dan jasat,
yang menyempurnakan rasa,

17. Nyawa yang berada dalam kulit, daging,
nyawa tulang dan nyawa darah,
nyawa bulu dan nyawa otot.
Ia memiliki pintu besar
disebut Tursina Indah.
Ia mempunyai satu anak buah
yang tak berselisih kehendak
segala kehendak malaikat.
Dialah *mutmainah*, tak suka hal
yang amis dan busuk,
asal timbulnya kebaikan.

mring sakèhing nyawa suksma,
ingkang (27) anèng jroning ati jiwa jisim,
kang nyampurnakken rasa.

17. Nyawa ingkang anèng kulit daging,
nyawa balung lawan nyawa erah,
nyawa wulu myang ototé,
adarbé wiwara nung,
ingaranan Tursina adi,
darbé bala sajuga,
tan sulayèng kayun,
apa karepé malékat,
mutmainah tan arsa amis lan bacin,
purwa wijiling sastra.

VI. Mijil

1. Telah tamat asal-muasalnya, Nak,
penjelasannya seperti tadi.
Ada lagi keterangan tentang tarikat,
terdiri atas tiga belas macam,
akan kuterangkan
satu per satu.

2. Pertama, tanah menjadi jasat,
sedangkan yang kedua,
air menjadi darah, Nak;
ketiga, yakni angin
menjadi napas, Nak;
tiada bernapas tanpa pernapasan.

3. Keempat, yakni jenis api,
menjadi cahaya manusia,
yang merata dalam jasat.
Kelima, yakni roh nabati
menjadi nyawa bulu.
Yang keenam,

1. Sampun tamat asalira Kaki,
tuduh kang mengkono,
tarékaté masih ana manèh,
bangsanira telulas prakawis,
mengko sunjarwani,
siji-sijinipun.

2. Ingkang dhingin bumi dadi jisim,,
déné kaping pindho,
banyu dadi getihira Angger,
kaping tiga iku bangsa angin,
napasira Kaki,
tan napas lan nupus.

3. Kaping paté (28) ikut bangsa geni,
dadi cahyaning wong,
kang sumrambah badanira kabèh,
kaping lima kang nyawa nabati,
nyawa wulu yekti,
kaping nenemipun.

4. bernama roh hewani,
yakni nyawa tulang manusia.
Ketujuh, rokhani namanya
yang menjelma menjadi nyawa darah.
Kedelapan, yakni
jasmani namanya,

4. *Ajejuluk sang Nyawa Kewani,*
nyawa balung uwong,
kaping pitu rokhani arane,
sayektine dadi nyawa getih,
ping wolune malih,
jasmani ranipun.

5. menjelma menjadi nyawa kulit.
Kesembilan, anakku,
roh rahmani namanya,
menjadi raja seluruh nyawa.
Kesepuluh, yakni
nafsu,

5. *Yekti dadi nyawaning kekulit,*
ping sanga nak ingong,
Nyawa Rahmani iku arane,
dadi ratu nyawaning sakalir,
ping sadasanèki,
Napsoni ranipun.

6. yang menjadi nyawa daging.
Kesebelas, yakni
roh surani namanya,
menjadi cahaya nyawa dalam otak.
Kedua belas, joharmani,
tak dapat diterangkan.

6. *Iku dadi nyawaning dedaging,*
sawelas kinaot,
Nyawa Surani iku arane,
dadi cahya nyawa kang pinikir,
rolas Joharmani,
tan kena winuwus.

7. Ketiga belas, bumi sebagai tempat,
yakni tempat tinggal manusia.
Apabila mati, di situlah tempatnya,
15. Bila kalian menjadi priyayi (pembesar),
dan tidak menguasai peraturan pemerintah,
ibarat gamelan tanpa gendang;
tentu takkan berhasil.
Contoh lain, misalnya sebagai petani.
Kalau (ia) tidak rajin bekerja mencangkul, membajak, dan menggaru,
tentu (hasil) bertaninya gagal.
Apa lagi orang yang ingin menuntut ilmu (sejati),
ternyata masih senang tinggal di praja.

15. *Lamun sira wus dadi priyayi,*
yèn tan limpat mring tataning praja,
lir gangsa tanpa kendhangé,
mangsa dadia iku,
upamané wong dadi tani,
yèn tan taberi ulah,
macul nggaru mluku,
sayekti tanimé bubrah,
apadéné wong sinau ulah ngèlmi,
masih remen nèng praja.

16. Jika tidak menurut tuntunan Nabi seperti tersebut dalam dalil Quran,
tentu jelek dilihat orang.
juga hal yang jelek terdapat.
ada pula orang yang ahli wirid.
Segala yang diucapkan
ialah keinginannya
yang enak, yakni dana (harta benda).
Kalau (ia) berjalan bertemu dengan marabahaya (banjir),
maka ia melupakan hakikat.

16. *(59) Yèn tan anut saréngaté Nabi,*
ingkang muni anèng dalil Quran,
pesthi yèn ala dulunéé,
myang ala kang tinemu,
wenèh ana wong ahli wirit,
ujub pangucapira,
barang karsanipun,
kang énak puniku darma,
yèn lumaku anrenjuhi kalih banjir,
lali kakékatira.

17. Kemudian (ia) mencari titian yang baik.
Hal itu adalah gambaran yang pernah terjadi.
Oleh karena itu, kalian jangan sembrono;
tak pantas ditiru,
perbuatan semacam itu."
Muridnya dari Aloka
mengucapkan terima kasih.
Raden Jayapuspita
lega hatinya; demikian pula murid dari Banjarsari.
Kemudian Raden Sasrawigena.

17. Dadya luru uwot ingkang becik,
iku polané kang wus kalakyan,
sira aja gumaluwèh,
nora pantes tiniru,
kalakuan mengkono iki,"
Radèn Putra Ngaloka,
nuwun aturipun,
Rahadèn Jayapuspita,
padhang tyasé wau putra Banjarsari,
myang Dyan Sasrawigena.

18. Bertanya kepada gurunya seraya bersujud,
"Sang Begawan, mengapa gendang itu dua?"
Sang Begawan pelan jawabnya,
"Gendang yang dua itu
ibarat perjalanan hidup manusia,
harus berpegang pada dua pedoman,
yaitu, pertama, hukum (tatanan), dan kedua, tata krama.
Kalau engkau tidak berpegang pada kedua pedoman itu
tentu perbuatanmu jahat.

18. Matur ring rama sarwi ngabekti,
"Kendhang kalih pundi kranania,"
Sang Tapa lon andikané,
"Kandhang loro puniku,
lakuning wong urip puniki,
nganggoa rong prakara,
ingkang dhingin kukum,
(60) ping kalih uda nagara,
lamun sira tan nganggo kalih prakawis,
pasthi tindaké ala.

19. *Carabalen*, maksudnya akan kuterangkan,
yakni dua perangkat bonang berisi empat biji;
satu per satu masing-masing
mempunyai makna
bahwa napas itu terdiri atas empat unsur,
yaitu *anpas*, *tan-napas*,
napas, dan *mapus*.

19. Carabalèn sira sunjarwani,
bonang kalih isiné sakawan,
iya sawiji-wijiné,
lah iku tegesipun,
napasira kawan prakawis,
anpas tan-napas ika,
napas lawan mapus,
gawéné ingkang tetéla,

fungsi pokok yang nyata
carabalen itu untuk menyambut tamu
dan pengantin yang datang.

carabalèn kinarya methuk tetami,
tuwin pengantèn prapta.

20. Adapun yang dimaksud dengan tamu itu
bila engkau dimurkai raja,
atau dimarahi sesama;
maka napas itu berdatangan
(menyebabkan) kekesalan hati
menimbulkan ucapan kasar.
Sedangkan pengantin datang
maksudnya ialah
bila datang kebahagiaan
berdecul amat gembira hatinya
sebesar anak-anak bukit."

20. Anadéné kang aran tetami,
lamun sira kadukan ing nata,
utawi ing sapadhané,
napas pating jarebul,
sumuking tyas wicara wengis,
basa pangantèn prapta,
iku tegesipun,
yèn teka kamulyanira,
menggah-menggah bungahé sajroning ati,
geng lir ardi nom-noman."

XIV. Sinom

1. Dengan menunduk murid-muridnya mengucapkan terima kasih.
Kemudian, kedua muridnya,
yaitu Raden Pulanggupita
dari Caturpura
dan (muridnya) dari Nusantara
bernama Raden Surengrana
mengajukan pertanyaan kepada gurunya,
"Sang Begawan, gamelan pelog itu apa maknanya? Hamba mohon penjelasan."

1. Andheku nuwun sadaya,
(61) wau kang putra kekalih,
Rahadèn Pulanggupita,
putra Caturpurwa adi,
putra Nungsatarèki,
wasta Radèn Surèngkéwuh,
majeng matur mring Rama,
"Gangsa pélog kados pundi,
tegesipun anuwun kajarwanana."

2. Seh Ngabdul Salam menjawab,
sambil tersenyum, ucapnya,
"Putraku Surengrana,
pandai benar mengajukan pertanyaan.
Baiklah, kuterangkan.
Gamelan slendro (kuterangkan)

2. Resi Ngabdulsalam mojar,
gumujeng dènira angling,
"Sutaningsun Surèngbaya,
bisa temen karya sandi,
lah iya sunjarwani,
gamelan sléndro karuhun,
bonangé kalih dasa,

lebih dahulu.
Bonangnya dua puluh,
(bonang) *panerus*nya juga demikian;
gambangnya seperangkat, isinya enam belas bilah.

3. Asal mula yang enam belas,
bonang dua puluh itu;
ibarat sifat dua puluh;
yang besar (ibarat) sifat *mangani*,
panerusnya (ibarat) sifat *maknawi;*
kodrat dan *kodiron* yang sama,
iradat dan *muridan*,
ngilmun dan *ngaliman* adalah sama,
hayat dan *kayan, samak* dan *samingan*,

4. *mutakaliman* itu sama (dengan) *mangani* dan *maknawi*.
Maknawi itu mempunyai tujuh unsur,
salbiah mempunyai lima unsur;
kidam dan *baka*,
mukhalafatul likhawadisi,
dan *kiyamuhu binafsihi;*
mangani mempunyai tujuh unsur,
leher, dada, *barang*, enam dan lima (2–3–1–6–5).

5. Adapun bonang dua puluh biji itu berkumpul dengan empat instrumen,
ketuk, kenong, kempul,
dan gong besar, keempatnya.
Empat tombol (*pencu*) berkumpul dengan
dua kawat rebab.
Fungsi rebab (ialah) sebagai pem-

lan panruse'iku ugi,
gambangira sagrobag nembelas wilah.

3. Asalira kang nembelas,
bonang dwi dasa puniki,
yèku sipat kalih dasa,
kang gedhe'sipat mangani,
panrus maknawiyahi,
kodrat kadiran kang jumbuh,
iradat myang muridan,
ngèlmu ngaliman pan sami,
kayat kayan samak kalawan samingan.

4. Mutakliman iku pandha,
mangani maknawiyahi,
maknawiyah du-(62)we'sapta,
salbiyah lima ndarbèni,
kidam baka puniki,
mukhalafah kwadis iku,
walkimu binabsihnya,
mangani pitu ndarbèni,
tenggak, dhadha, barang, nem, kalawan lima.

5. Mungguh bonang kalih dasa,
ngumpul dadi catur malih,
kethuk kenong kempulira,
gong gedhe'sekawannèki,
pencu pat kumpul dadi,
kawat loro jatinipun,
rebab kinarya mbuka,

buka gending.
Kedua kawat (rebab) berkumpul menjadi satu dalam gong besar.

kawat loro kumpul malih,
dadi siji iya anèng gong kang gora.

6. Adapun gong yang besar itu empat buah pengiringnya (termasuk gong yang besar), yaitu ketuk, kenong, dan kempul. Kempul adalah lambang tingkatan pertama, yakni sifat *jalal* (mulia). Kempul itu bunyinya *gung,* sulit diterangkan maknanya. Ketuk adalah lambang tingkatan kedua, kenong lambang tingkatan ketiga,

6. *Anadéné gong kang gora,*
sakawan kanthinirèki,
kethuk kenong kempulira,
kempul mertabat kang kawit,
sipat jalal puniki,
kang kempul uninè mak gung,
éwuh yèn winicara,
kethuk mertabat ping kalih,
kenong iku mertabat kang kaping tiga.

7. dan gong besar lambang tingkatan keempat.
Engkau jangan salah tangkap.
Adapun sifat dua puluh (tadi) berkumpul menjadi empat lagi;
(1) sifat *nafsiah,* Nak,
(yang) menjelma menjadi sifat *jalal;*
satu sebutannya banyak,
ya *jalal,* ya alif (ا).
(2) sifat *salbiah* menjelma menjadi sifat *jamal;*

7. *Gong gedhé mertabat papat,*
aja sira salah tampi,
dené sipat kalih dasa,
ngumpul dadi catur malih,
si-(63)pat napsiyah Kaki,
sipat jalal dadinipun,
siji aranè kathah,
iya jalal iya alip,
sipat salbiyah yekti dadi sipat jamal.[9])

8. sifat *jamal* hurufnya lam (ل) awal, sedangkan (3) sifat *mangani* menjelma menjadi sifat *kamal,* hurufnya lam (ل) akhir;
(4) sifat *maknawi,*
menjelma menjadi sifat *kahar,*
hurufnya ha (ﻫ).
Hal itu harus kauhayati.
Bila seluruhnya telah bergabung disebut *isim* zat;

8. *Jamal kurupé lam awal,*
dené kang sipat mangani,
iku dadi sipat kamal,
mangka kurupé lam akir,
maknawiyah ginupit,
sipat kahar dadinipun,
kurup éhé tetéla,
iku dènwaskitha galih,
yèn wis kumpul kabèh ingaran isim dat.

9. tentu empat hurufnya, (yaitu
Raden Pulanggupita mengucapkan terima kasih.
Kemudian Raden Surengrana bertanya kepada Sang Resi,
"Sang Begawan, tentang gamelan pelog tadi,
bagaimana perbedaannya?"
Seh Ngabdul Salam menjawab pertanyaan kedua muridnya,
"Perbedaannya hanya terdapat pada larasnya, yaitu pelog dan *barang;*

9. *Pasthi kurupé sakawan,"*
Rahadèn nuwun ngabekti,
sira Radèn Surèngrana,
umatur dhateng Sang Resi,
"Gangsa pélog puniki,
ingkang pundi bédanipun,"
Sèh Ngabdul Salam nabda,
mring putranira kekalih,
"Benanira amung pélog lawan barang.

10. Delapan biji jumlah bonangnya;
dengan gamelan slendro tadi
bedanya pada laras, yaitu pelog dan *barang.*
Bonang delapan biji itu, maknanya
coba diperhatikan.
Itu lambang jumlah sifat delapan yang memperkokoh keimanan,
sebagaimana tersurat dalam *Kitab Sitin."*
Kemudian dengan rendah Raden Pulanggupita berkata,

10. *Wewolu kathahing bonang,*
lawan saléndro puniki,
kacèk pélog lawan barang,
bonang wolu dadinèki,
iku dipunpratitis,
sipat wewolu puniku,
dadi kukuhing iman,
kang kocap ing Kitab Si-(64) tin,"
alon matur Rahadèn Pulanggupita.

11. "Sang Begawan, hamba mohon dijelaskan
tentang kedua jenis laras gamelan itu,
makna sesungguhnya secara gamblang,
tentang keberadaannya satu per satu."
Seh Ngabdul Salam menjawab dengan sabar;
kata-katanya amat menyenangkan.

11. *"Anuwun kajarwanana,*
gamelan kalih prakawis,
kanyataan ingkang cetha,
wontené satunggil-tunggil,"
Ngabdul Salam ngling aris,
kang sabda apait madu,
"Gamelan rong prakara,
pélog sumbang sadayèki,

"Perbedaan kedua jenis gamelan itu (ialah bahwa)
pelog, seluruh perangkatnya berlaras sumbang;
(laras) bonang sumbang, saron sumbang, demung sumbang.

bonang sumbang saron sumbang demung sumbang.

12. Karena seluruhnya sumbang, maka bertambah jumlah perangkatnya.
Namun, suaranya bertambah enak.
Adapun terapan di dalam gending sungguh menawan hati
untuk bergending;
apalagi seluruhnya sumbang,
kedengarannya semakin nikmat.
Kuterangkan makna pelog itu.

12. *Pramila sumbang sadaya,*
dadi mundhak ingkang ricik,
suwarane wuwuh énak,
mungguh tumrapé nèng gendhing,
anganyut-anyut ati,
kinarya menguyu-uyu,
tur ta sumbang sadaya,
rinungokken saya becik,
sunjarwani tegesé pélog punika.

13. Apabila engkau membicarakan ilmu rasa (kebatinan) yang indah,
yang berasal dari suluk,
tanpa mempergunakan isi kitab sedikit pun,
tampaknya indah pula;
tanpa membuka tirai besar,
perihal rahasianya,
perlambangnya tidak jauh,
tentu enak, sebab tidak perlu membuka rahasia.

13. *Lamun sira amicara,*
ngèlmu rasa ingkang adi,
kang sangking suluk wetunya,
tan nganggo kitab sasuwir,
rupané teka becik,
nora miyak wrana agung,
marang ing wadinira,
pralambangé nora tebih,
pasthi éca déné tan mbiyak kekeran.

14. Yang berbunyi dalam semua suluk,
tidak dekat dan tidak jauh,
sedikit kurang mantap
karena tidak menggunakan dalil Hadits.
Jadi, suluk itu
menyerupai rasa lebih
bagaikan (laras) slendro nyata,

14. *Kang muni suluk sadaya,*
nora perak nora tebih,
sathithik rada kuciwa,
dé tan nganggo da-(65)lil Kadis[10]*),*
kang suluk iku dadi,
ngirip-irip rasa punjul,
saléndro iku cetha,
nora sumbang sadayèki,

tidak sumbang seluruhnya.
Kuterangkan perihal slendro itu.

15. Pada waktu engkau membicarakan ilmu rasa yang amat tinggi,
yang berasal dari dalil Quran,
tentu dapat merahasiakan,
perihal rahasia ilmu (sejati).
Jika jauh rasanya amat jauh
dari rasa yang mulia;
jika dekat takut mendengarkan.
Hal itu gambaran orang yang belum tahu.

16. Oleh karena itu, engkau harus indahkan.
Adapun perangkat gamelan,
tiga macam kotaknya,
(wadah) slentem, demung, dan saron.
Saronnya dua perangkat;
maknanya ialah
yang satu inti jasat;
carilah dengan sungguh-sungguh.
Jasat itu baik bila mengindahkan tata krama.

17. Tahu (budaya) Jawa dan Arab,
budi lincah, pandai menulis,
tenang, tetapi tanggap.
Demikianlah orang pandai yang memikat hati.
Jasatnya penuh berisi,
lebih baik bila berdemung
tak dapat ditafsirkan,
sulit aku menerangkannya.
Sesungguhnya demung itu adalah kegunaannya.

18. Akan tetapi, syarat kegunaannya (ialah) jangan meninggalkan slen-

sunjarwani mungguh ***salendro*** *punika.*

15. *Yèn kala sira micara,*
ngèlmu rasa kang linuwih,
ingkang sangking dalil ***Kuran,***
sayekti bisa wewadi,
marang wadining ngèlmi,
yèn adoh teka anglangut,
sangking rasa kang mulya,
yèn cendhak wedi miyarsi,
iya iku polané wong ***durung*** *wikan.*

16. *Padha sira ngèstokena,*
anadéné kang paricik,
tetiga groboganira,
slenthem demung saronnèki,
saron iku kekalih,
tegesé mangké winuwus,
siji sarining raga,
lurunen ingkang pratitis,
raga iku beciké lan tata krama.

17. *Weruh Jawa weruh Arab,*
budi limpat wignya nulis,
anteng semuné nggrahita,
iku sujanma respati,
kang raga luwih sari,
utamané nganggo demung,
tan kena winicara,
éwuh nggon ingsun ngarani,
sejatiné kang de-(66)mung ***kapiya-*** *tira.*

18. *Nanging saraté kapiyat,*
salentheméaja kari,
meneng sakèh pancadriya.

tem;
diam seluruh pancaindera.
Demikian itu laku yang baik;
awasi dalam hati,
waspadalah penglihatanmu
di dalam mimpi.
Adapun saron yang satunya
bermakna saru bagi jasat.

wus mengkono bae bécik,
awasna jroning ati,
kang tetéla paningalmu,
anèng jroning supena,
déné saron kang swiji,
tegesipun puniku saruning raga.

19. Tabiat ketiga nafsu itu,
bila engkau tidak menghalanginya
tentu saru perbuatanmu.
Selain makan dan tidur,
bersanggama dengan istri;
itu saja yang diturut.
Selain itu, jangan (dilakukan);
cegahlah agar dapat mereda.
(Bila tidak) tentu jasat akan rusak
dan merasa tersiksa."

19. *Wategé nepsu tetiga,*
yèn sira nora ngadhangi,
pasthi saru tindakira,
séjéné mangan lan guling,
sahwat kalawan rabi,
amung iku kang tinurut,
liyané iku aja,
peperen dènkongsi aris,
pasthi rusak kang raga akanthi siksa."

XV. Kinanthi

1. Raden Surengrana bertanya,
"Sang Begawan, apakah makna kedua gendang
pada gending *ladrang,*
dan pada gending (lain) bergendang sebuah;
mengapa dibeda-bedakan?"
Sang Begawan menjawab sambil tersenyum,

1. *Radèn Surèngrana matur,*
"Tegesnya kendhang kekalih,
kang tumraping gendhing ladrang,
yèn gendhing kendhangé siji,
déné mawi béda-béda,"
mèsem ngandika sang yogi.

2. "Makna gending *ladrang* itu
kempulnya tak boleh tertinggal.
Hal itu merupakan lambang (bahwa) tingkah laku manusia
yang tersurat dalam *Kitab Fikih.*
Meskipun tanpa menggunakan kitab,
tata krama tak boleh ditinggalkan.

2. *"Tegesé ladrang puniku,*
kempulé tan kena kari,
iku patrapé sujanma,
ingkang muni Kitab Pikih,
sanadyan tan nganggo kitab,
(67) udanagara tan kari.

3. Perwujudan gending itu ialah
makan, tidur, berjalan, dan duduk,
membuat rumah, membuat anyaman.
Segala gerak kehidupan,
rembuk, ucapan, dan tindakan,
perintah aturan raja,

3. *Rupané gendhing puniku,*
mangan turu mlaku linggih,
karya wisma nganam-anam,
kabèh lakuning ngaurip,
rembug gunem myang lumaksa,
pepakoning narapati.

4. semuanya tanpa dasar hukum,
tetapi tata krama tak ketinggalan.
Masih banyak contoh yang sejenis,
tentang tingkah laku seseorang;
akal tak boleh ditinggalkan;
bila engkau meninggalkannya,
Nak,

4. *Puniku tan mawi kukum,*
udanagara tan kari,
masih kathah saminira,
polah tingkahé sujanmi,
nalar tan kena tininggal,
yèn sira ninggala Kaki.

5. tentu jelek dilihat orang.
Orang yang meninggalkan tata krama,
banyak orang yang menyaksikan
tertawa sambil berbisik-bisik
kepada temannya.
Hal itu harus selalu kau ingat.

5. *Pasthi ala delengipun,*
wong tinggal udanagari,
kèh sujanma ingkang miyat,
gumuyu pating kalesik,
iya marang kancanira,
iku Kaki dipunéling.

6. Meskipun segala gerak berdasarkan hukum,
tata krama pun tak boleh dilupakan.
Selesai sudah.keterangan tentang gendang;
gendernya belum diterangkan;
gender itu terdiri atas tiga belas bilah;
kuterangkan makna yang sesungguhnya.

6. *Sanadyan kang mawa kukum,*
udanagara tan lali,
wus telas gupiting kendhang,
gendèré durung ginupit,
isiné triwelas wilah,
sejatiné sunjarwani.

7. (Gender) itu ibarat jasatmu, Nak,
terdiri atas tiga belas unsur.
Adapun yang tiga unsur
telah tercipta terdahulu,
(yaitu) dunia bumi dan bintang,
ketiga, roh suci.

7. *Iku badanira Kulup,*
kèhé telulas prakawis,
anadéné kang tetiga,
iki wus dadi rumiyin,
bumi tapel lawan johar,
katelu nyawa rahmani.

8. Ketiganya tak dapat diterangkan, sebab telah terjadi lebih dahulu. Yang lain tinggal sepuluh unsur, yang tersirat dalam gender itu. Cermatilah kesepuluh unsur itu yang diciptakan kemudian.

9. Rebabnya belum dibicarakan; baiklah kuterangkan.
Rehab itu memiliki dua kawat, ibarat *ahyan* dan *sabitah.*
Sedangkan pengait yang berada di bawah
melambangkan singgasana emas.

10. Inti sari rehab itu
sebagai hidungmu, Nak;
kotaknya sebagai wajah;
sedangkan batang penggeseknya sebagai napas.
Adapun bagian yang menonjol tak perlu diterangkan.

11. Seluruh bagian telah kuterangkan. Kini, niaganya sebagai *adam jarnis.*
Bila engkau sedang melaras gamelan,
dalam hatimu jangan melupakan perihal yang telah kuwejangkan. Bila kaulupakan, sungguh haram hukumnya."

12. Muridnya merasa lega
setelah menerima wejangan gurunya.
Keempat muridnya lalu bersujud kepada gurunya, kemudian mohon diri.
Sang Begawan berkata sambil tersenyum,
"Baiklah, semoga kita tetap selamat."

8. *Iku tan kena cinatur,*
marga wus dadi rumiyin,
kang kari amung sadasa,
(68) tumraping gendèr puniki,
iku sira pilihana,
bangsamu kang dadi kari.

9. *Rebabe´durung cinatur,*
lagi mengko suntuturi,
kekalih kekawatira,
ahyan sabitah puniki,
iku canthèle´kang ngandhap,
kendhangan. malige´rukmi.

10. *Santene´rebab puniku,*
yektine´grananta Kaki,
bathokane´mukanira,
de´ta watangane´nenggih,
kosoke´puniku napas,
mongole´aja ginupit.

11. *Iku wus telas sadarum,*
niyagane´adam jarnis,
yèn sira mangun gamelan,
jroning ati aja lali,
kaya nggon ingsun amejang,
yèn lali kharam sayekti."

12. *Rahadèn padhang tyasipun,*
myarsa sabdane´Sang Resi,
putra catur atur sembah,
mring rama anuwun pamit,
Sang Tapa sumèh ngandika,
"Ya uwis padha basuki."

13. Keempat muridnya telah pergi,
tak ada yang ragu di dalam hatinya.
Kini, berganti yang diceritakan.
Raden Jayadimulya,
berasal dari Maligewarna,
usianya cukup dewasa.

13. Putra sakawan wus mundur,
tan kéwran sajroning galih,
gantya (69) ingkang winursita,
Rahadèn Jayadiluwih,
prajané Maligéwarna,
lagya mepeg ing birai.

14. Ia tangkas, cermat, cerdik, dan pandai.
(Budaya) Jawa dan Arab telah dikuasainya.
Kawi (puisi tembang) dan jarwa (gubahan prosa) telah hafal.
Tulisannya, misalnya,
bagai tersenyum bila dipandang.
Tampan citra pemuda itu.

14. Tatag titi wignya putus,
Jawa Arab wus mupuki,
Kawi Jarwa wus sampurna,
tulisanira upami,
kadi mèsem yèn winulat,
bagus citranya sang pekik.

15. Pada waktu itu Raden Jayadimulya
bermaksud berjalan-jalan di luar (istana).
Ia segera berbusana,
mengenakan kain parangrusak klitik,
bersabuk cinde berumbai,
berbaju beludru hitam,

15. Samana Rahadèn wau,
karsa leledhang mring Jawi,
nulya angrasuk busana,
nyamping parangrusak klithik,
paningset cindhé binara,
rasukan baludru langking.

16. mengenakan ikat kepala bercorak semen bunga,
kerisnya berhias indah
berlapis emas bertatahkan berlian,
rapi berselang-seling.
Sungguh tampan dan anggun
Raden Jayadimulya.

16. Dhestar semèn mawi mentul,
curiga rinengga adi,
selut tinrètès barliyan,
ajejeran tunggak semi,
èstu yèn bagus utama,
Rahadèn Jayadiluwih.

17. Raden Jayadimulya segera keluar.
Di perjalanan tidak diceritakan;
sampailah ia di tempat punggawanya
yang sedang mengadakan tayuban.

17. Sigra tumedhak sang bagus,
ing marga datan winarni,
prapta wismané kang wadya,
panuju nayuban ratri,

Ia segera masuk (rumah).
Para punggawa sibuk menyambutnya.

Rahadèn manjing ing kana,
gupuh dipunancarani.

18. Raden Jayadimulya segera duduk.
Salah seorang punggawanya berkata,
"Raden, hamba persilakan paduka ikut menari,
hamba akan belajar."
Raden Jayadimulya menjawab pelan,
"Baiklah, nanti kuajari."

18. Laju lenggah sang abagus,
kang wadya matur wotsari,
"Rahadèn sumangga beksa,
kawu-(70)la badhé angaji,"
Rahadèn alon lingira,
"Iya mengko sunwuruki."

19. Raden Jayadimulya segera menari lawung,
mengangkat kaki sambil memainkan perisai (')
memainkan tari kaca dan tari wayang,
tampak mempesona,
hingga lupa segala
karena sangat asyiknya.

19. Radèn tandya beksa lawung,
tanjak ingkrang dhadhap acih,
beksa gelas beksa wayang,
dinulu teka respati,
wus lali purwa duksina,
sangking bungahé kang ati.

20. Penonton semakin kagum
menyaksikan kemahirannya menari,
memperagakan seluruh gerak tari,
hingga mempesona para putri.
Selesai empat puluh jenis tarian,
para niaga kagum menyaksikannya.

20. Samya éram kang andulu,
beksanya Rahadèn wasis,
anelasken kang wiraga,
samya kayungyun pra èstri,
antuk kawan dasa wangsal,
niyaga legeg ningali.

21. Hingga tiga babak ia menari.
Gending berganti tiga kali.
Setelah berhenti menari,
ada seorang niaga
bernama Secawiguna
berkata di dalam hati,

21. Ngantya rambah kaping telu,
kang gendhing salin kaping tri,
sawusnya kèndel beksanya,
wonten niyaga satunggil,
awasta Secawiguna,
nggarjita sajroning ati.

22. "Putra Maligewarna itu
mengapa saya tak ingat

22. "Putra maligé puniku,
teka lali ngong tingali,

Tiba-tiba muridnya datang.
Raden Jayadimulya
mendekat lalu bersujud.

28. Sang Begawan berkata manis,
"Putraku, mendekatlah."
Jayadimulya segera maju tampak sedih.
Sang Begawan berkata lagi,
"Putraku, apa sebabnya
engkau tampak sedih?"

29. Raden Jayadimulya menjawab,
"Sang Begawan, ketika tadi malam hamba
menghadiri acara tayuban,
ada seorang niaga
bernama Secawiguna
menanyai hamba.

30. Pada waktu itu
hamba menari tiga babak,
gending pengiringnya berganti tiga kali,
Ki Secawiguna minta bicara.
Ketika hamba duduk,
ia segera menghujani pertanyaan.

31. Berhamburan pertanyaannya,
yaitu tentang gerak tangan dan kaki,
kaki kanan dan kiri.
Bagaimana maknanya?
Sang Begawan menjawab dengan sabar.

32. "Bila engkau menari, Nak,
ingatlah pada salat daim.
Bila daim berada di sebelah kiri,
angkatlah kaki kirimu;
bila daim berada di sebelah kanan,
kaki kiri menginjak tanah.

kasaru kang putra prapti,
Rahadèn Jayadimulya,
majeng sarwi angabekti.

28. *Sang pandhita angling arum,*
"Kulup dènkapareng ngarsi,"
kang putra majeng sungkawa,
Sang Tapa ngandika malih,
"Kulup apa karanira,
teka susah suntingali."

29. *Rahadèn nembah umatur,*
"Rama ulun wau ratri,
anjenengi tyang nayuban,
(72) wonten niyaga satunggil,
awasta Secawiguna,
kawula dipuntakèni.

30. *Inggih ing nalikanipun,*
kawula beksa kaping tri,
kang gendhing salin ping tiga,
Ki Guna anyenthupani,
dupi kawula wus lenggah,
nulya tetakèn gumriwis.

31. *Ambrubul pitakènipun,*
bab tindake tangan sikil,
suku tengen lawan kiwa,
asta kanan miwah kéring,
kados pundi jarwanira,"
Sang Tapa ngandika ririh.

32. *"Lamun sira beksa Kulup,*
élinga mring salat daim,
yèn daim linggih nèng kiwa,
tindakna suku kang kéring,
yèn daim linggih nèng kanan,
suku kiwa napak siti.

bahwa ia murid pendeta."
Ki Secawiguna segera mendekati
Sampai di hadapan Jayadimulya
Ki Secawiguna segera berkata dengan sopan,

tan`enget putra pandhita."
Ki Seca gya marepeki,
prapta ngarsané Rahadyan,
Ki Seca gya matur aris.

23. "Raden, ketika paduka menari tadi
saya lihat amat mempesona.
Namun, apakah paduka telah mengetahui
arti gerak tangan dan kaki?
Kalau paduka belum mengetahuinya,
hukumnya haram menurut dalil.

23. *"Rahadèn duk beksa wau,*
teka penet ngongtingali,
punapa dika wus cetha,
obahé tangan lan sikil,
yèn paduka tan uninga,
kharam ujaré kang dalil.

24. Wangsalannya (?) hamba hitung
jumlahnya empat puluh dua.
Bagaimana makna tarian itu
satu per satu?
Bila paduka belum mengetahuinya,
sama halnya dengan sapi."

24. *Wang-(71)salé kawula étung,*
antuk caturdasa kalih,
pundi tegesé wangsalan,
uninè satunggil-tunggil,
yèn dika dèrèng uninga,
sami ugi kados sapi."

25. Pertanyaan Ki Secawiguna tadi,
tentang penjelasan satu per satu,
menyebabkan Jayadimulya terpana
karena tak dapat menjawabnya.
Oleh karena itu, ia segera pulang.
Dalam perjalanan itu,

25. *Takènè Ki Seca wau,*
wijangé sawiji-wiji,
Radèn langkung kéwranira,
datan saged amangsuli,
marma nuli kondur sigra,
sajroning Radèn lumaris.

26. hatinya selalu gelisah memikirkan
pertanyaan Secawiguna tadi.
Oleh karena itu, ia langsung pergi
menuruti keinginan hatinya
menuju pertapaan
untuk menghadap Sang Begawan.

26. *Tansah kagagas ing kalbu,*
sualé Secagunèki,
dadya laju tindakira,
kang sinedya jroning galih,
sowan maring pacrabakan,
marak ing rama Sang Yogi.

27. Sampai di pertapanaan
Sang Begawan sedang duduk
di pendapa pertapaan

27. *Pacrabakan sampun rawuh,*
Sang Tapa panuju linggih,
munggèng ing panti pandhapa,

33. Namun, ada syaratnya,
yakni tak boleh bertentangan dengan niat.
Bila merentangkan tangan kiri,
kaki kanan mengikuti;
bila merentangkan tangan kanan,
kaki kiri mengikuti.

33. Nanging ana saratipun,
tan kena sulayèng kapti,
yèn ngrembyahken asta kiwa,
sikil kanan animbangi,
yèn nandukken asta kanan,
suku kiwa animbangi.

34. Gerak tadi mempunyai makna
ingatlah akan makna wayang,
tentu selalu berhadap-hadapan.
Bila engkau berada di sebelah kiri,
si tandak tak akan mengelak;
mengarah ke kiri lebih menarik.

34. Iya iku tegesipun,
élinga daiming ringgit,
pasthi yèn papag-papagan,
yèn sira bener kang kéring,
tlèdèké nora sulaya,
ngener ngiwa luwih manis.

XVI. Dhandhanggula

1. Hal itu tadi jangan kaulupakan,
sebab puji (keinginan) penandak dengan kamu
tentu sama ucapannya.
Adapun bergesernya kaki ke belakang
dan ke depan agar tepat.
Telah kuterangkan
tentang (makna) ketuk, kenong, dan sejenisnya.
Kempul adalah lambang tingkatan pertama,
ketuk merupakan lambang tingkatan kedua,
kenong merupakan lambang tingkatan ketiga,

1. (73) Iku Kaki sira aja lali,
pujining tlèdhèk kalawan sira,
pesthi yèn padha uniné,
déné unduring suku,
lan ajuné dipunpatitis,
déné wus winicara,
kethuk kenongipun,
kempul mertabat sapisan,
kethuk iku mertabat kang kaping kalih,
kenong mertabat tiga.

2. dan gong besar merupakan lambang tingkatan terakhir.
Syaratnya dengan menggelengkan kepala *(pacak gulu),*
dan sedikit menganggguk.
Makna gerak itu

2. Gong kang gedhé mertabat kang akir,
saratipun mawi pacak jangga,
manthuk sawatara bae,
yaiku tegesipun,

menghormati hakikat hidup wayang
yang disebut Fatimah Johar.
Menggelengkan kepala *(pacak gulu)*
juga merupakan penghormatan kepada saudara,
saudara tua, jangan ketinggalan bersorak dan bertepuk tangan.
Maksudnya, agar orang selalu waspada.

angurmati uriping ringgit,
kang ran Patimah Johar,
mila pacak gulu,
yèn sira ngurmati kadang,
kadang tuwa surak keplok aja kari.
tegesé dènwaspada.

3. Bersoraklah terhadap nafsu hayati.
Adapun temunya saling berpandangan
dengan Fatimah Johar,
kemudian bergabung menjadi satu antara Johar, jasat, dan rasa hati."
Raden Jayadimulya
mengucapkan terima kasih sambil menduduk.
Kemudian ia berkata, "Sang Begawan, (hamba) mohon penjelasan (tentang) sejumlah wangsalan dan maknanya satu per satu
berhubung penjelasan tari telah selesai.

3. *Anyuraka mring napsul kayati,*
déné panggihé sawang-sinawang,
lawan Patimah Johare,
winor lan wiletipun,
Johar jisim lan rasa ati,"
Radèn Jayadimulya,
nuwun sarwi ndeku,
(74) matur malih "Kajarwakna,
kèhing wangsal tegesnya satungil-tunggil,
rèhné beksa wus telas.

4. Yang didendangkan dalam pertunjukan wayang.
Bagaimana setelah bersatu dengan rasa?
Hamba mohon penjelasan yang terang."
Kemudian dengan lembut menjawablah
Seh Ngabdul Salam dengan kata-kata manis,
"Putraku, coba hafalkan
satu per satu."

4. *Ingkang tumrap sesindhèning ringgit,*
tegesipun panunggaling rasa,
ingkang tetéla jawané,
Angling malih tulya rum,
Ngabdul Salam manis aririh,
"Kulup sira apalna,
siji-sijinipun,"
Rahadèn kéwran ing driya,

Raden Jayadimulya bimbang hatinya.
Agak lupa ia berkata kepada Sang Begawan,
"Hamba tidak ingat Sang Begawan,

5. banyak sekali wangsalan dalam pertunjukan wayang
sehingga hamba lupa seluruhnya."
Seh Ngabdul Salam menyahut,
"Kalau begitu, putraku,
tentu haram bila engkau mendengar
karena engkau tak tahu
wangsalan yang diucapkan."
Raden Jayadimulya
bingung hatinya seraya menunduk,
takut menanggapi ucapan gurunya.

6. Berkatalah Sang Begawan,
"Kalau begitu engkau harus berhenti,
jangan suka menjoget lagi
karena engkau tidak tahu
ucapan dalam wayang."
Jayadimulya amat sedih,
teringat pertanyaan
Ki Secawiguna yang lalu.
Ibu angkat (yakni istri gurunya)
merasa kasihan
melihat anaknya sedih.

7. Tidak diceritakan yang sedang sedih,
si ibu dan anaknya;
kini, berganti ceritanya,
yakni Ki Secawiguna,
yang pernah bertanya kepada Raden Jayadimulya.
Hati Secawiguna agak kawatir,

èsmu supé matur mring Rama Sang Yogi,
"Kula boten kémutan.

5. *Sangking kathah wangsalaning ringgit,*
dadya supé ical sadayanya,"
Sèh Ngabdul Salam delinge,
"Yèn ta mengkono Kulup,
pesthi kharam lamun miyarsi,
dené sira tan bisa,
wangsal kang kawuwus,"
Rahadèn Jayadimulya,
puteg ing tyas tumungkul dènira linggih,
ajrih matur ing Rama.

6. *Angandika ri sang Mahayekti,*
"Yèn mengkono sirèku menenga,
a-(75)ja dhemen sira njoget,
dené sira nora wruh,
iya marang unining ringgit,"
Radèn langkung sungkawa,
ènget sualipun,
Ki Secawiguna ika,
ingkang Ibu welas dènira mirsani,
putra nandhang sungkawa.

7. *Enéngena kang lagya prihatin,*
ingkang ibu lawan ingkang putra,
mangké ganti caritané,
Ki Secaguna wau,
duk tatakèn mring Radèn Pekik,
kang manah èsmu maras,
panglecitanipun,
"Rahadèn Jayadimulya,

maka pikirnya,
"Raden Jayadimulya
tentu menyampaikannya kepada Sang Begawan,
Kiai Seh Ngabdul Salam."

pesthi matur mring Rama sang Mahayekti,
Kyai Sèh Ngabdul Salam."

8. Diceritakan bahwa dahulu, putra Tepaswangi
berguru kepada Seh Ngabdul Salam.
Telah lama ia berguru,
kemudian ia melaksanakan tugas,
ber-*tapa-brata* selama tiga bulan (hingga kini) belum kembali menghadap.
Diceritakan (bahwa)
setelah kurang sebulan,
ia menyamar sebagai niaga (penabuh gamelan),
bernama Ki Secawiguna.

8. *Duk ing kina putra Tepaswangi,*
puruwita dhateng Ngabdul Salam,
wus lami nggènira ngènger,
lumaksèng pakonipun,
mesu raga ngantya triwarsi,
dèrèng wangsul asowan,
ing mangké cinatur,
sarèhning kirang sawarsa,
Radèn Putra anamur dados niyagi,
aran Ki Seca-(76)guna.

9. Pada waktu itu, ia telah menguasai ilmu
berpegang pada kesatuan jiwa,
sempurna segala yang dicipta.
Putra Tepaswangi segera pulang.
Di padepokan baru semalam.
Bisikan hati demikian,
"Aduh, adikku,
yang tampan si Jayadimulya,
bagaimana laporannya kepada Sang Begawan?
Ia benar-benar lupa pada saya."

9. *Duk semana Rahadèn wus kamil,*
anuhoni panunggaling jiwa,
sampurna barang ciptané,
Radèn anulya kondur,
marang tépas lagya sawengi,
osiking tyas mangkana,
"Babo ariningsun,
wong bregas Jayadimulya,
méndah baya aturé marang sang Resi,
mring ngong pangling kalintang."

10. Putra Tepaswangi segera turun dari pondokannya,
hendak menghadap gurunya,
di padepokan (tujuannya),
dengan hati yang ragu-ragu.
Ketika sampai di padepokan,
Sang Begawan sedang duduk.
Ia tampak sedih.

10. *Radèn sigra tumedhak sing panti,*
sedya sowan marang ingkang Rama,
ing pacrabakan jujugé,
jroning tyas rangu-rangu,
sapraptaning aldaka puri,
Sang Pandhita duk lenggah,
kapita ing kalbu,

Ketika muridnya datang menghadap,
ia berkata, "Putraku, selamat datang."
Muridnya menjawab dengan hormat,

tumingal praptaning putra,
ngandika rum "Hèh Kulup padha basuki,"
Radèn matur anembah.

11. "Atas doa restu paduka, hamba (dalam keadaan) selamat selama melaksanakan tugas yang paduka berikan.
Adapun hamba sekarang
sudah berhasil menemukan (ilmu sejati)
manunggaling kawula Gusti."
Seketika itu Seh Ngabdul Salam setelah mendengar (jawaban itu) lalu bersujud;
bersujud syukur namanya.
Selesai bersujud ia segera memanggil
istrinya, Dyah Rubiyah.

11. *"Sing pangèstu pukulun basuki,*
lumaksana ing agnya paduka,
menggah ing mangké wiyose,
èstu sampun kacundhuk,
panunggalé kawula gusti,"
wau Sèh Ngabdul Salam,
myarsa nuli sujud,
sujud sokur arani-(77)ra,
wusnya sujud sigra dènira nimbali,
mring garwa Dyah Rubiyah.

12. Tak lama kemudian Dyah Rubiyah datang.
Putra Tepaswangi segera bersujud.
Ibu (angkat)-nya setelah melihat putranya
amat gembira hatinya.
Ia segera merangkulnya,
tersendat-sendat bicaranya,
"Aduh, putraku,
telah tiga tahun engkau tidak tampak;
adikmu, Raden Jayadimulya,
sedang kena marah."

12. *Datan dangu Dyah Rubiyah mijil,*
Radèn Putra sigra ngaras pada,
kang ibu duk anon Radèn,
langkung sukaning kalbu,
gya rinangkul wau sang siwi,
seret nggènnya ngandika,
"Babo sutaningsun,
wus triwarsa tan katingal,
arinira Rahadèn Jayadiluwih,
mengko lagi kadukan."

13. Putra Tepaswangi bertanya dengan hormat,
"Ibu, apa sebabnya

13. *Ingkang putra matur angabekti,*
"Paran ingkang dados darunanya,
marma dinukan pun tholé,"

adinda kena marah?"
Dyah Rubiyah menjawab dengan lembut,
"Cepat, tengoklah adikmu!"
Putra Tepaswangi segera mohon diri kepada ayah
dan ibu (angkat-nya).
Tak lama kemudian ia sampai
di pondokan adiknya. Waktu itu adiknya sedang duduk.
Ia tampak sedih.

Sang Dyah alon amuwus,
"Tilikana rinira aglis."
Radèn pamit mring Rama,
umiring kang ibu,
tan dangu sampun kapanggya,
panggènane kang Rayi panuju linggih,
katon sungkawèng cipta.

14. Ketika melihat kakaknya datang,
Jayadimulya amat gembira.
Kakaknya kemudian bertanya,
"Apa sebab
Dinda dimarahi?"
Adiknya menjelaskan
segala yang pernah dialaminya.
Kakaknya tersenyum mendengarnya, lalu berkata,
"Dinda, mari kita segera menghadap Sang Begawan;
hati beliau sudah tenang."

14. *Sareng ingkang raka katon prapti,*
sakelangkung sukaning wardaya,
kang Raka lon andikane,
"Paran darunanipun,
(78) sira Yayi dinukan iki."
Kang rayi aturira,
sadaya tinutur,
kang raka mèsem ngandika,
"Payo Yayi séba mring Rama samangkin,
Rama tyase wus lejar."

15. Mereka segera berjalan.
Sampai di hadapan gurunya, Sang Begawan berkata,
"Putraku, adikmu itu
bertanya kepadaku.
Malam Senin yang lalu adikmu
menari di rumah salah seorang punggawanya.
Ia diminta untuk menerangkan makna wangsalan oleh seorang niaga.
Ketika kusuruh menuturkan, ia tidak ingat.
Hal itulah yang menyebabkan ia sedih."

15. *Gya lumampah wau putra kalih,*
prapteng ngarsa kang Rama ngandika,
"Kulup arinira kuwe,
atetakon maring sun,
malem Soma arinirèki,
beksa wismane wadya,
tinakénan iku,
wangsalan marang niyaga,
suntakoni lali kabèh nora éling,
dadya mengko sungkawa."

16. Putra Tepaswangi tersenyum mendengarnya, lalu berkata,
"Hambalah yang mencoba menanyakannya.
Ternyata putra padukan lupa (kepada hamba).
Setelah hamba selesai bersamadi, hamba menyamar sebagai niaga dengan nama Secawiguna."
Sang Begawan tertawa, (lalu berkata),
"Aduh, mengapa engkau lupa terhadap kakakmu di Tepaswangi?"
Putra Maligewarna menyembah.

16. Putra Tepas gumujeng tur bekti,
"Inggih kula ingkang anjejawat,
putranta langkung pandunge,
kala purnèng panekung,
kula namur dados niyagi,
aran Secawiguna,"
Sang Tapa gumuyu,
"Babo teka lali sira,
mring sipate rakanta ing Tepaswangi,"
Putra malige nembah.

17. "Pada waktu hamba ditanyai, penanya itu sudah tua dan hitam."
Sang Begawan berkata (kepada putra Tepaswangi),
"Coba terangkan sebabnya mengapa engkau dapat berubah rupa."
Putra Tepaswangi menjawab,
"Ketika hamba sedang bersamadi di bukit Selajana,
hamba diberi baju oleh dedemit, yang namanya Ki Pudakcengkar.

17. "Duk nalika kula dèn takèni,
janma sepuh cemeng ingkang warna,"
Sang (79) Pandhita lon dèlinge,
"Paran karananipun,
sira bisa amalih warni,"
Radèn Putra tur sembah,
"Duk amba manekung,
wonten wukir Selajana,
pinaringan rasukan dhateng dhedhemit,
aran Ki Pudhakcengkar.

18. Bila baju itu dipakai,
berkhasiat dapat mengubah rupa tua, muda, maupun bocah."
Sang Begawan berkata lagi,
"Coba kenakan baju itu di hadapanku."
Putra Tepaswangi bersujud,
baju segera dikenakannya.
Seketika itu ia berubah menjadi bocah.

18. Yèn rinasuk ponang kulambi,
kuwasanya saged malih warna,
sepuh anèm miwah rare,"
Sang Tapa malih muwus,
"Hèh jajalen nèng ngarsa mami,"
Putra matur sandika,
anulya rinasuk,
dadya rare sanalika,

Setelah dilepas kemudian dikenakan lagi,
ia berubah menjadi orang tua.

19. Dyah Rubiyah amat senang
melihat putranya dapat berubah rupa.
Putranya dicium ubun-ubunnya (seraya berkata),
"Aduh, putraku,
aku kagum karena engkau dapat berubah rupa."
Seh Ngabdul Salam menyahut,
"Apakah engkau
telah diwejang ilmu kesempurnaan
sehingga engkau diberi baju
oleh demit Pudakcengkar?

20. Putraku, konsentrasikan jiwamu terhadap Tuhan;
jangan ragu engkau menghafal Quran;
tentu berbeda kenyataannya.
Pertama, bagi orang yang pandai ilmu Quran,
kedua, memahami isi Quran,
ketiga, khatam membaca Quran, dan keempat
hafal membaca Quran,
maka teruskanlah." Muridnya tunduk agak takut.
Hatinya bagaikan dibangkitkan

21. hati ingat akan kesatuan diri;
dirinya telah terkendali oleh Sang Pencipta,
jiwa telah bersatu dengan hayatnya, seluruh kehidupan telah menyatu,

wusnya dangu kang baju rinasuk malih,
salin warna wong tuwa.

19. *Dyah Rubiyah bungahé tan sipi,*
myat kang putra bisa malih warna,
Radèn ingaras embuné,
"Babo atmajaningsun,
déné bisa amalih warni,"
Ngabdul Salam ngandika,
"Apa ta sirèku,
wus winuruk kasampurnan,
déné sira iku dènwèhi kulambi,
mring dhemit Pudhakcengkar.

20. *(80) Lah ta mara negesa dènaglis,*
aja tanggung dènnya apil Quran,
pesthi yèn béda nyatané,
pinter Quran rumuhun,
tamat Quran kang kaping kalih,
katam Quran ping tiga,
ping sekawanipun,
puniku wong apil Quran,
tutugena." Putra tumungkul èsmu jrih,
ing tyas kadya ginugah.

21. *Tyasnya ngambar panunggaling dhiri,*
dhiri kawor kawisésèng purba,
jiwa kawor lan uripé,
urip kawor sadarum,
ruming pana pananing ragi,

dengan tenang kemuksaan dirinya.
"Apabila hatimu waspada,
maka tak ada yang tampak,
kecuali kedua zat yang telah bersatu.
Seluruhnya kalah dan pasrah kepada yang mahatahu.
Telah terang sempurna raganya.

"Yèn sira pratiktèng tyas,
tan ana kadulu,
andulu roroning tunggal,
kabèh kasor kasrah sumrah prastawa ring,
trang sampurnaning raga.

22. Tanpa tirai, jika dilihat tampak menerawang segala ciptaan yang indah;
seluruhnya telah tercakup,
yang dikehendaki telah terkabul,
alam maut pun tampak jelas."
Putra Tepaswangi bagai dibangunkan;
ia terbangun dari konsentrasi jiwanya,
tatkala mendengar ucapan gurunya.
Ia ingat segala yang ada di alam maut,
alam tempat asal.

22. *Tanpa wrana kawangwang kalingling,*
anerawang sucipta niskara,
wus kawengku sadayane,
ingkang tindak tumanduk,
mring alame malakut kèksi."
Radèn kadya ginugah,
'enget lir manekung,
myarsa sabdane sang dwija,
'enget kabèh kalane nèng ngalam sahir,
nguni wijilanira.

XVII. Mijil

1. "Hal itulah bersembahyang dan berhaji.
Adapun tempat pertemuannya
di alam maut,
tanpa mengenal kantuk dan lapar,
dan tidak kekurangan;
hanya rahmatlah yang tampak,

1. *(81) "Pan puniku yekti salat kaji,*
madyane patemon,
ngalam malakut iku arane,
tanpa arip lawan tanpa ngelih,
lan ora prihatin,
mung rahmat kadulu.

2. dan kenikmatan serta kebahagiaan,
itu yang terasa."

2. *Lawan nikmat miwah suka singgih,*
yèku kang karaos."
Radèn sigra neseg ing ature,

Putra Tepaswangi menyela,
"Hamba belum tahu tentang tujuh alam."
Seh Ngabdul Salam menjawab,
bagai manisnya madu,

"Ngalam sapta kula dèrèng uning."
Dul Salam ngling aris,
anglir madu juruh."

3. "Pertama, alam *jabarut;*
artinya, Nak,
tempat pengendalian perilaku,
yakni dadamu, Nak;
siang dan malam
terdengar suara keruyuk.

3. *"Ngalam jabarut yèku kang kariyin*[11])
tegesé nak ingong,
kawisésa polah lan tingkahé,
sejatiné dhadhanira Kaki,
rahina lan wengi,
kang swara kumruwuk.

4. Pengendaliannya ialah sang penjaga jasat.
Maka tak terputus-putus.
Sebenarnya, di dalam dada selalu ramai
antara kehendak yang jahat dan yang baik,
itu dikendalikan
oleh yang memberi hidup.

4. *Kang misésa ingkang among ragi,*
marma nora pedhot,
jroning dhadha iku luwih ramé,
cipta ala miwah cipta becik,
iku kapurba ring,
mring kang asung tuwuh.

5. Kehendakmu juga selalu diawasi;
ucapan orang-orang
digerakkan ke arah hayatnya;
keinginan yang timbul dari hatimu
baik yang jelek maupun yang baik,
dikendalikan oleh niat.

5. *Krentegira pan iya pinardi,*
pangucapé kang wong,
sino-(82)lahken marang ing uripé,
osikira sajroning tyasnèki,
ala lawan becik,
pinardawèng.kayun.

6. Kedua, alam *nasut;*
ketahuilah bahwa
alam itu milik manusia,
kelengkapan dari dunia;
Setiap hari tampak;
namun, isinya tersamar,

6. *Ngalam nasut ingkang kaping kalih,*
sira dènmangretos,
alam manusa iku kang darbé,
panganggoné iya jagad iki,
saben dina kèksi,
isiné kaslamur.

7. musnah tak diketahui, lupa tak teringat;

7. *Kabur tan wruh pangling tanpa éling,*

tentu memilih yang tahu,
yang sebenarnya berada dalam diri lelaki
dan dalam diri perempuan.
Hal itu telah diketahui,
namun, terhalang karena berbaur.

pilih ingkang anon,
sejatiné priya kono nggone,
apadéné sejatiné èstri,
iku wus kalingling,
kalangan wor sambu.

8. Adapun hakikat laki-laki dan perempuan
bila engkau belum mengetahuinya,
lebih baik makanlah rumput-rumput saja,
kau sebagai kerbau atau sapi;
hanya bedanya,
engkau tidak berekor.

8. *Mungguh jatiné jalu lan èstri,*
yèn sira durung wroh,
angur nyengguta sesuket bae,
sira iku sasat kebo sapi,
mung kacèkirèki,
nora nganggo buntut.

9. Ketiga, alam *mulakut,*
yakni alam kerajaan.
Alam itu sulit dibicarakan dengan biasa.
Keempat, alam *kabir,*
yakni dunia;
yang kelima,

9. *Ngalam malakut iku kaping tri,*
ya alam karaton,
luwih éwuh iku wicarané,
kaping paté iku ngalam kabir,
ya ngalam donyèki,
(83) kaping limanipun.

10. alam *sahir* namanya.
Alam itu tempat orang mati,
disebut juga *darul-kirom,*
tempatmu kelak bila sudah mati.
Keenam, disebut
alam *malakut,*

10. *Ngalam sahir arané puniki,*
panggonan yèn layon,
darul kiram puniku arané,
panggonanta yèn sira wus lalis,
ping nem sunjarwani,
kang ngalam malakut.

11. yakni alam arwah.
Ketujuh, disebut
alam *kamil.*
Alam itu juga sulit diterangkan.
Putraku, sudah jelas bukan?"
Putra Tepaswangi merasa lega.

11. *Alamé pana kang wus winilis,*
kasapta kinaot,
ngalam kamil puniku arané,
éwuh temen nggoningsun ngarani,
wus weninga Kaki."
Radèn matur nuwun.

12. "Keutamaan orang menuntut ilmu itu bila ia dapat berperan seperti lelaki yang tergiur
pada perempuan yang amat cantik,

12. *"Utamané wong angulah ngelmi,*
dènkadya wong nglamong,
ring wanudya kang éndah warnané,

(sehingga) rasa rindunya jangan mereda.
Waktu senja perempuan itu terbayang,
dan malamnya menggoda hati;

aywa surut brangtanira Kaki,
surup surya kèksi,
dalu sang kadulu.

13. waktu orang tidur semakin tampak dekat,
larut malam menjadi impian,
waktu fajar menampakkan diri nyata,
pukul tujuh semakin nyaring suaranya,
menjelang tengah hari tampak jelas,
ibarat makan ikut menyuap.

13. *Sirep janma saya amelingi,*
tengah dalu katon,
byar rahina saya welèh-welèh,
pukul sapta sangsaya dumeling,
lingsir wétan kèksi,
bukti milu muluk.

14. Waktu matahari condong ke barat,
ia semakin mengusik hati,
tampak jelas terlihat,
dan pukul empat sore terasa cintanya.
Senja kala selalu diingat
mencari Ilham Ilahi
merata dalam diri.

14. *Lingsir kulon malah amelingi,*
gumawang katongtong,
pukul (84) catur kadulu asihe,
surup surya datansah kaèsthi,
sasmitaning Widi,
sumrambah sawegung.

15. Sewaktu tidur menjadi impian,
hanya dengan anugerah.
Bila dirimu telah berjiwa demikian,
maka jasatmu disebut *jisim latif.*"
Putra Tepaswangi (lalu)
bersujud dengan menunduk.

15. *Dadi impèn kalamun aguling,*
mung nugraha kaot,
sira yèn wus mengkono ta Radèn,
raganira aran jisim latip."
Putra Tepaswangi,
nembah sarwi ndheku.

16. "Putraku, adikmu si Jayadimulya
pernah menanyakan
tentang sejumlah wangsalan
yang didendangkan dalam pertunjukan wayang.
Coba beri tahu aku
wangsalan yang diucapkan.

16. *"Arinira si Jayadiluwih,*
iku atetakon,
kèhing wangsal kang tinakokake,
kang kinarya sesindhèning ringgit,
aturna mring mami,
wangsal kang kawuwus.

17. Aku tidak tahu tentang wangsalan yang
engkau telah mengetahuinya,
sebutkan dalam bentuk tulisan saja."
Muridnya menjawab dengan hormat,
"Baik, Sang Begawan."
Ia segera mengambil

17. Sun tan bisa wangsalaning ringgit,
sira kang wus weroh,
aturena lan tulisan bae."
Radèn sigra matur angabekti,
"Sandika nglampahi."
Ri saksana mundhut.

18. sehelai kertas, lalu menulis.
Tulisannya amat indah.
Setelah selesai, tulisan itu segera diserahkan
diterima oleh Sang Begawan.
Tulisan segera dibaca.
Sang Begawan tersenyum

18. Dlancang sakebèt nulya tinulis,
sastra langkung kaot,
wusnya rampung ingaturken age,
tinampanan mring Rama sang yogi,
tinupiksa aglis,
Sang Tapa gumuyu.

19. ketika melihat
semua tulisan itu.
Seluruhnya telah tercakup
tidak ragu untuk menyajikan
kalimatnya bagus dan tepat
bagi ilmu yang dibisikkan
dan pernyataan hati.

19. Duk (85) umeksi ungele kang tulis,
sadaya wus kamot,
datan kewran wau pamudhare,
ring ukara pinatut pinirit,
tumraping pamisik,
pamuryaning kalbu.

20. Hati lega tak sulit menanggapi,
hati bertambah terang,
pikiran bertambah gamblang,
nalar berkembang takkan samar
niatnya
untuk mengawali
idaman hatinya.

20. Kalbu lejar jinarwa tan sungil,
wimbuh tyas cumeplong,
nalar wuwuh narawang nalane,
nalar mekar tan kewran ing kapti,
dènya mrih murwani,
srinataning kalbu.

XVII. Sinom

1. Kemudian Seh Ngabdul Salam
berkata dengan sabar,
"Hai, putraku Jayadimulya,
ketahuilah bahwa wangsalan
yang tertulis dalam kertas ini

1. Wau Resi Ngabdul Salam,
pangandikannya rum manis,
"Hèh Kulup Jayadimulya,
wruhanta wangsalan iki,
kang kamot ing kintèki,

berbunyi: *jalak pingul* 'jalak putih'
palwa kandheg ing muara 'perahu berhenti di muara',
enak mundur ingsun iki 'enak mundur (aku ini)',
anglabuhi basane wong ora trisna '(daripada) memihak orang tak cinta.'

wewangsalan ***jalak pingul,***
palwa kandheg muara,
énak mundur ingsun iki,
anglabuhi basané wong nora trisna.

2. Artinya bahwa manusia
bila selama hidupnya
tak tahu hakikat hidupnya
ibarat terendam dalam air.
Ia tentu dihindari
oleh hakikat hidup itu.
Bila engkau telah ditinggal pergi oleh Sang Pramanajati (yakni hakikat hidup),
hatimu tentu bimbang dan (kelak) matimu akan menjadi makhluk halus.

2. *Tegesé iku manusa,*
salawasira ngaurip,
yèn tan wruh urip kang nyata,
sayekti kelem ing (86) warih,
yekti dipun unduri,
mring uripira kang tuhu,
yèn sira wus tinilar,
marang sang Pramanajati,
pasthi goyang patimu dadi prayangan.

3. *Galepung pilis wadana* 'tepung pilis (wajah)',
sesulung kang medal enjing 'laron anai-anai kecil keluar waktu pagi',
setahun mangsa lipura 'setahun takkan tenang',
yen dereng aleliron sih 'sebelum berhasil memadu kasih'.
Kitab Murat menyebutkan,
khasayamta merupakan isi hati,
bilamati wa damika.
Malahan, Nak,
seluruh darah dan dagingmu berbaur

3. *Galepung pilis wadana,*
sesulung kang medal énjing,
setahun mangsa lipura,
yèn dèrèng aleliron sih,
Kitab Murat kang muni,
khasayamta jiwaningsun,
bilamati wa damika,
malah-malah sira Kaki,
dipunamor kèhing getih dagingira.

4. dengan *kalimah toyibah* (kata-kata pujian).
Itu pertanda bahwa engkau telah

4. *Lawan kalimah tayibah,*
yèn sira wus amor kaki,
lapal malih khathazara,

bersatu (dengan zat sejati).
Ada lafal lagi berbunyi **khotoyara min aoni biallahi,**
bahwa Yang Mahakuasa
memanjakanmu
dengan menganugerahkan segala keindahan.
Wangsalan berikutnya berbunyi *lintang roro wayangane Werkudara* 'dua bintang bayangan Werkudara',

min ngangoi biallahi,
malah-malah Hyang Widi,
ngatokken marang sirèku,
éndah-éndhahing Allah,
ana wewangsalan malih,
lintang roro wayangané Wrekudara.

5. *Angarjuna wewayangan* 'Arjuna berbayangan (dengan)'
Darmawangsa. Kuterangkan bahwa
makna dua bintang itu
ialah dua hiasan (wajah),
yakni bayangan sejati;
